GEBYAR KASUSASTRAN



Antologi **Geguritan**

Balai Bahasa Jawa Timur
Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa
Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan

GEBYAR
KASUSASTRAN

Antologi Geguritan

Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan
Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa
Balai Bahasa Jawa Timur
2016

GEBYAR KASUSASTRAN
Antologi Geguritan

Penyusun
Muhammad Eriza Abikara, dkk.

Penanggung Jawab
Amir Mahmud

Redaktur
Mashuri

Kurator:
Mashuri
Sumono Sandy Asmoro
Anang Santosa

Penyunting
Anang Santosa
Khoiru Ummatin

Desain Grafis
Alek Subairi

Sumber gambar sampul
by Violeta Lopiz
thecoloroftheart.wordpress.com

Sekretariat
Dalwiningsih

Penerbit
BALAI BAHASA JAWA TIMUR
Jalan Siwalanpanji, Buduran, Sidoarjo,
Telepon 0341-8051752

ISBN: 978-602-8334-41-9

Cetakan I, 2016

HAK CIPTA DILINDUNGI UNDANG-UNDANG

Isi buku ini, baik sebagian maupun seluruhnya, dilarang diperbanyak dalam bentuk apapun tanpa izin tertulis dari penerbit kecuali dalam hal pengutipan untuk keperluan artikel atau karangan ilmiah.

KATA PENGANTAR
KEPALA BALAI BAHASA JAWA TIMUR

Karya sastra merupakan hasil imajinasi dan kreasi manusia. Perkembangan penulisan karya sastra dapat dikatakan amat pesat. Dewasa ini, berbagai media dapat berfungsi atau difungsikan sebagai wahana pengungkapan nilai-nilai estetis yang berbentuk karya sastra. Selain ditulis di surat kabar, majalah, dan internet, karya-karya sastra juga ditulis atau dihimpun dalam wujud buku. Bahkan untuk jenis penerbitan buku sastra ada kecenderungan peningkatan. Keadaan tersebut ditengarai sebagai bukti apresiasi masyarakat terhadap dunia sastra bergerak ke arah yang lebih baik daripada sebelumnya.

Menyikapi hal tersebut, sejak lama Balai Bahasa Jawa Timur menerbitkan karya-karya penulis dari berbagai *genre*, baik karya sastra berbahasa Indonesia maupun berbahasa daerah. Beberapa antologi puisi dan cerita pendek telah terbit dan didistribusikan ke seluruh Indonesia melalui Balai/Kantor Bahasa.

Selain merupakan upaya pendokumentasian karya sastra, tujuan penerbitan buku puisi berbahasa Jawa ini adalah ikut *mangayubagya* Kongres Bahasa Jawa VI tahun 2016 di Yogyakarta.

Penerbitan antologi geguritan *Gebyar Kasusastran* dan *Sakwise Esmiet lan Suparto Brata* merupakan implementasi program untuk mengembangkan sastra. Kami berbangga ketika melihat pegawai balai dan kantor bahasa menulis puisi. Semoga kebanggaan tersebut berjalan seiring dengan terlaksananya program Balai Bahasa Jawa Timur lainnya dalam bidang pengembangan dan pembinaan sastra.

Terima kasih kami sampaikan kepada Kepala Badan Bahasa, para penulis, dan panitia penerbitan buku ini.

September 2016

Drs. Amir Mahmud, M.Pd.

DAFTAR ISI

KATA PENGANTAR III
KEPALA BALAI BAHASA
JAWA TIMUR III

DAFTAR ISI V

Abdul Mukhid 1
KULA NUWUN 1
CANDI SUMBER AWAN 2
GURIT ALIT 3
GUNDHUL GUNDHUL
PACUL 4

Agus Buchori 5
MESEM 5
BAL BUNDER 6
KLAMBI 7
KEBAK KLILIP 8

Agus Pramono 9
OWAH 9
NYERIMPET 10
NALIKA JANGE 11
CUMPON 12

Agus Sulton 13
LELAKON 13
KESANDHUNG TRESNA 15
FENOMENA UDAN 17
NANDANG PRONOMA 19

Ah. Syahrul Rahmat 22
SETAN, SEPURANE YA 22
KACUNG THOLE 24
SAKA MURIA 26
DAKTITIPAKE 27

Alvian Bayu K 29
DONGA 29
LELAKONE URIP 29
MANUNGSA 30
PEPELING 31

Arfa D. Nugraha 32
ADIGUNG 32
NGENTENI APA 33
ROS 34
WOLAKWALIK 35

Ary Nurdiana 36
S U W U N G 37

LAYANG KANGGO SI MBOK 38
KANGEN 39

Asa Wahyu 40
PIWELING 40
CANDIKALA ING MAJAPAHIT 42

Benny Hasyim 48
LELAKONE MANEKA 48
(SULUK) 48
GAMBUH WENGI WULAN NDADARI 49
TEMBANG PEPENGET 51
KONANG 52

Beni Setia 53
TEMBANG URBAN 1 53
TEMBANG URBAN 2 54
TUNGKU PEDHUT 55
LINGSIR WENGI 56

Danang Wijoyanto 57
MEDHITASI PRING 57
WANGSA LAN PRAWIRA 58
BIYUNG 59
MENDHUNG TUMIYUNG 60

Dian Widiyawati 62
GURIT ENDAHING RASA 62
DUDU AWAKE DHEWE 63
KUNARPA TAN BISA KANDA 64
IMPENKU DUDU IMPENMU 65

Emi Sudarwati 66
GRAHANA 66
KEMBANG JATI AKING 67
GETIH PANGURIPAN 67
RATRI 68

Faizal Hadi Nugroho 70
RAMA LAN PUTRANE 70
BIMA ING JAMAN SAIKI 71
KOPI JAWA 72
CRITANE RATNA MANIKAM 73

Fitri Nur Handayani 74
ANA CRITA 74
GAJAH WELING 75
KENTHONG 75
ATIMU GRUTU 76
KRETA KENCANA 77

Gampang Prawoto 78
GONDRONG 78
KUCING 79
WATU LANANG 80
L O N G A N 81

Gayuh R. Saputro 83
CRITA ING KUTHAMU 83
KIDUNG SAKA MANDARAKA 84
BATHIK LURIK 85

SAWISESRENGENGE
MLETHEK 86

Hadi Supranoto 87
SEDHEKAH OKSIGEN 87
PERTIWI 89
NYENYET 91
RESIK 91
SUWE 91
SIMBOK 91
TRENYUH 92
KETEMU 92

Hanung Dampak Irowarsa 93
GURIT PANUWUN "MU-*NG*" 93
JING JUWING 94
KENTEKAN ABAB 95
MANGSARASA 96

Hardho Sayoko SPB 97
PEPES 97
WELING SING TANSAH
DUMELING 98
LAYANG MARANG KANG
TJAHJO 99
GURIT RONG ECE 100

Herry Lamongan 102
DARMAJA TANPA
ROWANG 102
KEDHUNG GUNG
LIWANG LIWUNG 103
BANYU MILI 105

Imam Khotib Utomo 106
SINAU 106
RASANING ATI 107
MODEREN 108
DALU KANG WININGIT 109

Ira Suyitno 110
CATHETAN 110
GURIT ING PATURON 111
JOPA JAPU 112
GEMLINDHING ILINE
BANYU BENING 113

Iriyanto 115
WISATA BEDUL
ING DINA MINGGU 115
SING DAKGADHANG
WIS TEKAN 116
CIDRANING KAMULYAN 117
KRETEG GANTUNG JALEN 118

J.F.X. Hoery 119
NALIKA
SRENGENGE PECAH 119
KEYAKINAN 120
KAPIADRENG 121
WENGI DADI SEKSI 123

Joko Susilo 125
ADERBI SUNU 125
ASIH GUMETIH 128
GARA-GARA GEGARANING

ASMARA 129
TRUS SAGESANG
KANG TINEMU MOKSA 130

Kanjeng Sastra Taruna 132
ELING 132
PERANG NAFSU 133
NGANGGIT SEWU GURIT 134
PAMBUDIDAYA 135

K.R.H.T. Setyoprayoga 137
KRENTEGE KABUDAYAN 137
KIDUNG GEGURITAN 139
GEBYARE
KASUSASTRAN 140
NJAGA ENDAHE
KAGUNAN 141

Leny Marlina 143
KAGEM IBU LAN BAPA 143
LELAGON
PUNGKASANING SORE 145
ANA KANG NORA
BISA DAKTLISIH 146
GURIT LAYANG
BATHARA KALA 147

Lestari Sahsa Malika 149
DALAN WATU 149
KANGGO CAH AYU 150
GEBYOK KACA 152
RERESIK 153

Mashuri 155
JENGKING 155
SAID-KALIJAGA,
LANGIT-DONYA 156
JAGA JAGAT 158
AJISAKA SINDROM 160

Mochammad Asrori 163
LALI MANGSA 163
PETROMAKS 164
RENGKEK 165
PRAU JUNG 166

KULA NUWUN

Dok dok dok!
Kula nuwun

Niku sinten?
Kula
Kula sinten?
Kula nuwun

Oktober, 2010

CANDI SUMBER AWAN

Teka endi swara iku?
Gendhing Jawa, tengah wengi
Tengah alas, tengah candi

"Cak aku tau kesasar
ndhik jerone kampung mati."

Mati koen
Iku panggonan pancen sangar tenan
Jare wong-wong kanggo padusan
Para puteri jaman Singhasari
Para ahli mastani Kasungganan

2010—2015

GURIT ALIT

Iki gurit alit
Dudu palu dudu arit
Setan ora doyan
Medi ora dulit

Iki ngono mung gurit alit
Aja diwaca kanthi jerit-jerit
Amarga urip bebrayan
Iku ora mung soal duwit

Iku gurit alit
Aja terus gawa celurit
Wong pecel aku sik doyan
Senajan mung sak dulit

Elinga yen wis gawe gurit
Uripmu lan wong alit
Amarga aksara ora bisa dipangan
Lan gurit ora kena dadi agunan kredit

Wis semono wae
Lek kedawan mengko
Ora sida dadi gurit alit

25 Mei 2016

GUNDHUL GUNDHUL PACUL

Gundhul gundhul pacul
Aja dipacul alase wis gundhul
Kutha-kutha wis kasundhul

Gundhul gundhul pacul
Gundhule sapa sing dipacul?
Gundhulmu iku!

Oktober, 2010

Abdul Mukhid lahir di Malang 22 Februari 1974. Alumnus Jurusan Pendidikan Bahasa Inggris IKIP Malang. Karya-karya cerpen dan puisinya tersebar di sejumlah antologi bersama: *Interupsi* (SPMM, 1994), *Luka Waktu* (Taman Budaya Jatim, 1998), *Pemberontak Yang Gagal* (Forum Remaja 2000, 1999), *Ning* (Sanggar Purbacaraka Denpasar, 2002), *Dian Sastro for President #2 Reloaded* (AKY, 2003), *Ponari for President* (Babel Publishing, 2009), antologi cerpen yang meliputi *Grafiti Imaji* (YMS, 2002), *Ketawang Puspawarna* (2009), dan *Pelangi Sastra Malang* (2009) serta antologi puisi tunggal *Tulislah Namaku Dengan Abu* (2006). Juga menulis buku motivasi *Bertanya atau Menjadi* Keledai (Penerbit Pinus, 2009). Pernah bekerja sebagai instruktur bahasa Inggris dan menjadi dosen honorer di UIN Malang dan Unibraw Malang. Kini memfokuskan bekerja di rumah sebagai penerjemah dan penulis lepas.

MESEM

Akeh gambar padha mesem
Tentrem disawang lan ora burem
Merga iki dina wayah padha njaluk dikenali
Aja nganti salah siji tangga
Ora kenal utawa ora ngerti
Nek sesuk sing mesem bakal dadi wali
Liwat eseme muga muga
Kabeh padha ngerti
Jroning atine padha kaya lambe
Manis disawang lan mangerteni
Ning aja keliru
Lambe iku gawene awu awu
Aja mung merga puluhan ewu
Kabujuk esem sing ayu

BAL BUNDER

bal bunder sing dadi royokan
ngetan ngulon ngalor ngidul
ora ngerti apa karepe
sing nyadhuk ora ana kesele

kaya dene urip
diplayoni ngalor ngidul
wis nggawa ginaris dhewe dhewe
ning ora ana sing legawa marang atine

bal bunder tetep muter
ora mikir sing main padha keblinger

bal bunder mbledhos.
Ndadekna pangelinge sing balbalan

KLAMBI

Yen disawang bisa dadi ukuran
apa sugih apa kere
apa pangkat apa mlarat
nanging ora mung semana

Sing nganggo kudu bisa mantesi karo sing dienggo
ben ora kaya petruk
Sing dienggo ben bisa ngajeni sing nganggo
laku kudu ngecak karo pacak

Aja mung pantes disawang
bakal cidra nek ora kuwat nyandhang

KEBAK KLILIP

Lintang kang nyekseni
iki bengi ati kudu gemati
marang sepi kang nastiti
supaya titi lakuning diri

sir sing kemrenteg
ana jroning dhadha kang tatag
ngadhepi urip kang kebak klilip

Agus Buchori menetap di desa Paciran Lamongan. Sabtu Ahad mengajar seni dan budaya di SMAM 6 Ponpes Karangasem Paciran Lamongan. Penulis kelahiran 17 November 1975 ini jadi fungsional arsiparis di Badan Perpustakaan Dan Arsip Daerah Kabupaten Lamongan. Alumni Diploma Kearsipan UGM. Blog: guslitera. wordpress.com. arsipologi.blogspot.com.

OWAH

sampun kawit mbiyen jamane kebo nyusu gudel
saiki malah wong padha ora mudheng karepe
sampun kathah, yen wong tuwa mung isane
mung ngongkon, lajeng maido
ora bisa wenehi tuladha ingkang maton
iku sing nggarahi, wong tuwa saiki ora wani marahi anake

ijik ana sing apik. wong tuwa sinau saka anak
apa maneh utamanipun teknologi
arek enom luwih pinter, biasane

wong tuwo ora usah sungkan takon anake
ijik wingi kae dhiluk takon whatsapp,
tibakna wong tuwa akeh luwih memel tur nggilani
lali umur

kaya nemu dulinan anyar, mbah?

Mojokerto, Mei 2016

NYERIMPET

sepira penting awak dewe?
apa sing ijik arek, malah saiki uga akeh wong gedhe
numpak montor buwanter,
kadhang kala malah lawan arus
ora nggawe helm
ngebut tambah nyambi ngobrol liwat ponsel,
maca sms

artis wae kira-kira ya gak semunu.
jan nemen tenan

Mojokerto, Mei 2016

NALIKA JANGE

nalika taun 80an
kaya nikmat swarga dolanan gawe bocah
apa wae bisa digawe dolanan
ora usah mbayar, guyub sak kampung ngumpul
ngunu wae wis bungah bareng

pingin dakon, mung butuh krikil
ana panggon rada wiyar, cukup digarisi
wis bisa dolanan gobak sodor, uga sondah
pelepah godhong gedhang wis bisa gawe perang-perangan
kulit jeruk bisa digawe montor

ana cagak kiwa-tengen, wis bisa dolanan bentengan
bapake mari ngrokok, bungkuse uga bisa digawe dolanan
ibune mari belanja, karet bisa disambung ugabisa dolanan
nemu kreweng wis nggarahi gawe dolanan
nemu kayu wis bisa dolanan pathil lele

saiki? bal-balan malah ndhik embong
lapangan dadi gedhong

wis dadi males dolanan, luwih seneng nonton tivi
utawa dolanan karo mesin
dolanan klasik ndesa, akhire dadi pungkas riwayate

yen bapak ibumu asale sak kampung padha
sapa ngerti, biyen jodoh ketemu minangka dolanan

Mojokerto, Mei 2016

CUMPON

nasibe basa Jawa apa bisa digunem
kurang pirang taun maneh?
sing ngomong nggawe basa Jawa wis padha tuwa
arek enom kait manten, setaun rong taun duwe anak
wis ora nggarah yen ing omah nggawe basa Jawa
ora ana sing paring tuladha
paling ngerti laku hambeging embuh

mbahe uga nambahi nemen parah
wis ora njawani, pungkase ngendika
"aku yo ora dong, piye?"
kadhung tuwa.

kurang dhiluk, mbah?
putu kurang ajar!

Mojokerto, Mei 2016

Agus Pramono lahir di Mojokerto, Jumat Pon, 28 Agustus 1970. Mulai merasa senang menulis setelah menderita sakit parah pada saat berusia 45 tahun. Beberapa karyanya dalam bahasa Indonesia terhimpun dalam beberapa buku, diantaranya ***Puisi tentang Majapahit***, ***Memo untuk Wakil Rakyat***, ***Memo Anti Terorisme***, dan lainnya.

LELAKON

dakgambarake uripku iki
bebasane kaya manuk ngegarake swiwi
mabur angambah mega-mega,
lumawat ana angkasa
anut playune angin kang tanpa arah
embuh ana ngendi aku ora ngerti
bakal tumiba ing panjangka lan bisa antuk mangsa

mula kaya ngunu gambaraning uripku
kang kaya wayang digawe lakon
mung manut karepe dhalang
dhalangku ya kuwi Gusti Kang Akarya Jagat
aku mung titah manungsa sawantah
kang mung saderma nglakoni
mung manut apa karsane kang nggawe urip lan pati

aku wiwit cilik wis ora katunggon mring wong tuwa
uripku bebasane kabur kanginan
anut playune angin sakparan-paran
butuhku golek sandhang pangan kanggo nyukupi
uripku kang kebak ing panalangsa

abot enteng pakaryan daklakoni
dakrewangi bebasane mideringrat angelangut
lakune jajah nagari mubeng tepi ing samodra
sumengka agraning wukir
anelesak wana wasa tumurun ing jurang trebis

kaya ngono lelakon uripku
kang daktrima saka karsaning Gusti Kang Akarya Jagat
aku kudu gelem nampa klawan sabar narima ing pandum
mula pakaryan apa bae taklakoni
ora ketang bebasane buruh tani
aku wis ora isin, sing penting bisa antuk rejeki kang halal lan rida
ora mikir kena udan lan panase surya
pancen abot-aboting wong golek pangupa jiwa,
urip ana alam donya, kang kudu netepi kuwajiban
kuwajiban makarya uga kuwajiban tumraping manembah
mring Gusti Kang Maha Agung

mula ora kendat anggonku tansah ngrantam dedunga
nyenyuwun welas asih Gusti Kang Akarya Jagat
mugi iman lan awakku diparingana sehat kuwat lan waras
kalis nir ing sambekala lan rubeda

KESANDHUNG TRESNA

gegarane wong tresna lan akrami
dudu bandha, dudu rupa
ning mung ati pawitane
yen gampang luwih gampang
yen angel, angel kelangkung
tan kena tinumbas arta
dakungkap ceritaning katresnanku duk nalikaning uni

wetara aku isih umur welasan tahun
semana aku nate sambungan tresna karo cah wadon
dakanggep dadi kembang kang angrenggani kedhunging atiku
ora bisa daklalekna kanggo selawase urip
kaya ngapa rasa endah lan gedhening tresnaku nalika semana

aku bebarengan layar ana samodraning tresna kang murni
bungah, susah, abot-entheng lan pait manis,
tansah daksangga bebarengan
kaya critaning katresnanku tan kena pinisah najan sak rambut
pinara sosra
ananging apa kang ana walike sakabehingsa kaendahan kuwi
kembang endah ora bakal endah selawase padang
mula ana ampak-ampaking mega teka mrawasa lakune
katresnanku

dadi ambyar bubar kaya dene kembang rontog-gagrag
kaprawasa angin lan panase surya ing mangsa ketiga

aku pinisah tresna krana kepeksa
aku kudu nuruti karepe wong tuwa
aku arep dijodohake karo wadon liya kang ora nate kenal lan
daktresnani
ananging arep apa yen aku nuruti karepe wong tuwa
aku kudu kelangan asih sayange kangdaktresnani
mula dakrasa bingung banget, bingung nalika kuwi
katresnanku mung kaya critaning ngimpi
katrisnanku kandhas kaya dening kali kang kebak watu padhas
aku njur kepeksa lumayu ucul saka wadon kang sejatine isih
daktresnani

FENOMENA UDAN

kumriciking udan kang nyabawa talingan
nggugah rembulan alit kang leren ing pikirane
minangka pepadhange tembung-tembung dheweke
wus sayah nalika ing satengah papan pijar kanthi nyunari sesanti
ngenani temekaning jaman adil kebak kemakmuran

sedheng nganti mangsa rendheng iki
dheweke isih dipeksa mbatang cangkriman
thukul dadi tanduran
apa malah bosok minangka dadi rabuke kadurakan
awit lelewane udan

mung bangsa gegadhangan kang katrem anyukuri
dening jaman adil lan makmur
isih katutupan mendhung
supaya kinalungan berliyan kalungguhan

tegesana werdine wong luwe kang mbarang tangis
ana sauruting wektu tlacak sepatu
saenggo derese slogan ora mung dadi udan
kang nelesi kahanan ana tengahing srengenge kang ngelak keadilan
lan kowe banjur dadi makluk aneh ing walike
mangan lemah, mangan alas
mangan pangane wong kang luwe mbarang tangis
ana sauruting wektu tlacak sepatu

samangsa rudha kreta sigar bebanten ing lurungmu
mesti bocah clondho kang durung teteh ngeja huruf
politik bakal anut ngaya wara
kitatansaya prigel kaya pendhekar pencak
kang ngendhani apes sial kang bakal nerjang
ngimpun kekuwatan kang kasimpen primpen

nanging kita diumbar karep memungsuhan
kang kebak sujana dalah panyakra bawa
kita ing kekudan panyangka
kaya manuk-manuk kang ngegarake swiwi, angambah mega-mega
senadyan wulu-wulune bakal ronthog
kita isih demen gegojegan ngaya wara
daksaka batin lungkrah
sawise peksi kang dakparagani mabure
tansah nabrak jaring lan rambu-rambu ing langit panguasamu
supaya kinalungan berliyan kalungguhan
tegesana werdine wong kang luwe mbarang tangis
ana sauruting wektu tlacah sepatu
kumrincing udan kang nyabawa talingan
nggugah rembulan alit, kang leren ing pikiran

NANDANG PRONOMA

duh jagat dewa
jagating sang uyang pramundita
sesambat ing ngarsa pukulun
ulan karsa paring usada
angusadani gerahing batos kula
ingkang nandang prona,
jalaran pinisah dening sang puspita
ingkang sanget kawula tresnani
ananging oncat saking pamekenge asta kula
uwal saking pangiketing ati kawula

duh jagat dewa
jagating sang uyang binaturata
mugi ulan paring kekiatan badan lan manah
ugi kukuhing iman kawula
pinaringana tabah lan kiat angadhepi cuba
gudha pangrencana gebyar jantraning jagat
saking gesang kula wonten salumahing bumi lan kurebing langit
sigeg gonco cinarita
cinaritaning ongga sariraku kang lagi ruwet ribet
koncatan dening tumraping katresnan

gebyaring sang candra
kumedheping sang kartika

angrenggani endahing jumantara ing wanci dalu
angancani badan sarira,
anenangi madyaning ratri kang sepi
kaya sepining atiku kang lagi angelangut anandang prona
senadyan ta nyawang endahing sang candra lan kartika
ananging sakabehing kuwi ora bisa angusadani
atiku kang nandang susah
batinku kang lagi gerah
marga kelangan mutiara kang angregani atiku

atiku tansaya nglangut
angen-angenku anglambrang bawana
kang amba bawera tanpa winates
kaya ngapa rasa kageting atiku
kaya sineblak, sinamber gelap ngampar nalika aku keprungu
kembange atiku bakal kawengku dening priya liya
kang ora adoh saka papan dunungku

duh kaya ngapa rasa perih lan njareme atiku
dakrasa kaya sinigar gegeman
dakrasa kaya tinancep landeping pusaka kang ora kena cinabut
mula iki dakgambarake,
kaya uruping lampu oblik kang melik
siniram dening minyak gas utawa bensin
sanalika dadi kopar panas abyor makantar ngobong atiku
agawe lumpuh
dakrasa ewuh kaya ing pambudiku

lemes kekes badan sariraku
kaya godhong lumbu kang alum kaprawasa dening panasing surya
kaya ngapa bakal anggonku ngadhepi,
menawa tenan kembange atiku klakon kawengku dening priya
mendah tambah ruwet anggonku lumaku

jodho ibarating pinasti
ati lan batinku bakal nangis
dakpeksa legawa sliramu kawengku dening wong liya

muga bae imanku pinaringana kuwat lan tabah
bisa nglalekake sakabehing lelakon iki
lelakon kang ruwet dakadepi
lelakon katresnanku kang mung
kaya dening caritaning ngimpi

Agus Sulton adalah alumni Kajian Sastra FIB Universitas Airlangga Surabaya. Dosen ing PBSI Universitas Hasyim Asy'ari Tebuireng Jombang.

SETAN, SEPURANE YA

Yen kaya mangkene dadine
sepurane... aku kerep ngluputake sliramu
ngomong yen sira sing nggodha aku

Sepurane ya, Tan
kowe sing kerep dadi kembang lambe
saka rusaking tumindakku, tumindaking manungsa
kena ngapa Gusti kok ngripta sira
gunane apa yen mung njalari kadurjanan
robbanaa maa kholaqta haadzaa baathilaa
kamangka kowe karo aku padha
ya padha kawula titahing Gusti
astaghfirullaaah....

Dulurku kabeh, ayo dha ngoreksi dhiri pribadi
rumangsanana tumindak durjanamu
aja ngluputna setan,
aja ngarani setan sing ngongkon

Ngerti ora,
setan-setan saiki dha nyuwun pensiun dhini
setan wis pegel, waleh karo tumindak kita
amarga tumindak kita wis ngluwihi
ngluwihi tumindak bejate setan
setan dha golek aman

Embuh saiki sapa sing setan tenan
endi sing setan, endi sing iblis, endi sing manungsa
apa aku setane?
apa kowe?
apa dheweke?

Eh setan... sepurane ya

---UINSA, 11-12-13---

KACUNG THOLE

Kacung thole
mreneya, Le... daktakoni
aku lan sliramu iki kagungane sapa ta, Le?
coba dipikir, aku lan sliramu iki digawe saka apa?
hla uripku lan uripmu iki diutus lapo?
njur mbesuk baliku lan balimu menyang endi?
nggawa sangu apa?

Pengeran?
ing endi dununge Pengeran?
kepiye gegambarane?
hla jare Gusti amung siji?
coba jun satus cacahe
kae isenana banyu
pepenen ing tengah ara-ara
satus jun apa ana satus srengenge?
kamangka sejatine srengenge mung siji
piye? sejatine rong puluh kang dipara papat
ketemu pira?
SIJI!
siji kang ana ing ati suci
siji kang sejati
siji kang mung ana ing jun atoya bening
ati wening kang tansah eling
banyu anteng ati sing ora peteng
dudu jun sing kocak lukak
dudu jun abanyu butheg ati sumpek

Piye, Le?
nggoleki Gusti kanthi ngerteni dhiri pribadi
kaya Bimasuci sawise ketemu Dewaruci
sawise nggoleki wekasaning samudra kang tanpa tepi
sawise nggoleki susuhing angin sajrone wuluh wungwang
SUWUNG!
OOO
OO
O
I
Asalmu saka banyu suci kang nggegirisi
uripmu kudu urub kaya urube geni
sing kokliwati dalan nuju Gusti
bali mulih lumantar kasedan jati
menyang Gusti ing kaswargan jati

Thole, wangsulana banjur rumangsanana!
amrih tumindakmu ora ala
amrih bagya mulya ing ndonya lan akerat kana

Elinga Gustimu!
elinga asalmu!
elinga balimu!
!~~~!

Pintu Tol Tb.sumur II, mapag Ruwah 1949

SAKA MURIA

Surube Kemis Kliwon manjing Jemuwah Legi,
ora bisa melu mengeti
dina nalika Kanjeng Nabi (Isa AS)
munggah sowan ngarsane Gusti

Ora bisa melu nyang greja
bisaku mung melu memuja
saka pucuke wukir Muria

Bengi malem Jemuwah Legi,
ora bisa melu mengeti
dina nalika Kanjeng Nabi (Muhammad SAW)
munggah sowan ngarsane Gusti

Ora bisa melu nyang mesjid
bisaku mung memuji nyawang langit
saka pucuke wukir Muria kang wingit

#mengeti dina isra' mi'raj lan kenaikan Isa AS
#Pesareyan Sunan Muria, 5-6 Mei 2016

DAKTITIPAKE

SAPA Ah???

*

Dak
titipake
sapa buda-
ya Jawaku iki?
Apa menyang ka-
wula mudha? Nyata-
ne wis nganggep iki bu-
daya kuna. Apa nyang se-
kolah? Nyatane kurikulume ke-
rep owah. Wah! Apa menyang pe-
nguwasa? Nyatane ora bisa diperca-
ya. Apa tetep digawa wong tuwa? Nyata-
ne wus meh tutup yuswa! Apa panggah dak-
gawa wae? Amrih saya curese? Apa sliramu Ja-
wa? Apa sliramu (n)Jawa? Apa sliramu urip ing Ja-
wa? Apa sliramu ngugemi (ka)Jawa(an)mu? Wangsu-
lana!!! He pra mudha, pra panguwasa, pra siswa!!! Jarene
wong Jawa panggone semu? Daksemoni kaya ngene kepi-
ye pangrasamu? Geneya budaya luhur iki koktinggal? Apa
merga anane pranatan agama? Ah dakkira ora! Sunan
Kali ya tetep wayangan lan tahlilan. Suwargi Gus Dur,
guru sejati, uga nate ngendikan, sing dinut agamane

dudu kabudayan Arabe. Ora perlu bapak dadi *abi*, biyung dadi *umi*. Hla apa sing marai cures. Ah, pra mudha luwih seneng budaya liya. Budaya manca luwih diajeni. Banjur daktitipake sapa ya Jawaku? Daktitipake sapa ya budaya

J

A

W

A

K

U

iki?

??

Ah. Syahrul Rahmat (Ah) lahir di Surabaya 21 Februari 1994. Sekarang berdomisili di Sidoarjo. Pernah menjadi tim editor dan penanggung jawab redaksi buletin dan majalah mahasiswa di Unesa (2013-2014), anggota redaksi dan penulis di majalah Aji Saka BBJT (2015), juara 2 lomba menulis guritan Festival Masjid Pathok Negoro, Masjid Taqwa Wonokromo Yogyakarta (2015), pemakalah Lokakarya Sanggar Bharada mahasiswa PBSD Unesa (2015 dan 2016) dan lainnya. Pos-el: mazzahhh@gmail.com.

DONGA

Donga
Gamane manungsa kang ampuh
Cekelaning urip
Sarana manembah marang gusti
Donga
Kudu diiringi kanthi usaha kang temen
Sapa sing temen marang usaha lan donga
Gusti bakal ngijabahi

LELAKONE URIP

Ngalor ngidul lakumu
Iku kabeh gawe nyambung urip
Uripmu lan uripe wong tuwamu
Iku kabeh koklakoni kanthi ati
Nanging kepriye lakumu saiki
Ora nyana ora ngira
Apa sing koklakoni saiki
Ngagetke ati

MANUNGSA

Lelakone manungsa
Sing diduweni amung upaya
Sing dilakoni amung dedonga
Kebak apa sing jenenge dosa
Sing dideleng ramene donya
Donya kang kebak lelakone manungsa
Lakon becik lan alane
Iku kabeh bakal ana pitungane
Sing dideleng amung rupa
Yen kok tresnani amung rupane donya
Yen kok tresnani amung rupane manungsa
Banjur kepriye marang gusti sing tanpa rupa

PEPELING

Apa kang mbok lakoni
Apa kang mbok goleki
Apa kang mbok tindakake
Iku kabeh kudu kokpikir kanthi wening
    Kudu eling marang asale
    Kudu eling marang baline
    Wis wancine tansah dielingake
    Wis wancine tansah padha nindakake
Manembah marang gusti
Dilakoni kanthi ati kang suci
Yen kabeh dilakoni kanthi ikhlas
Gusti ora bakal mblenjani janji

Alvian Bayu Kresna, lahir di Grobogan, 03 September 1996. Mahasiswa Universitas Negeri Surabaya, Jurusan Pendididikan Bahasa dan Sastra Jawa.Tinggal di Babatan Rt.04/Rw.01 Wiyung, Surabaya. Pos_el: alvianbayu6@gmail.com

ADIGUNG

Manungsa iku ora mung dhadha kang didhepake
Dadi apa, yen wus kacampuran rasa adigung
Apa yen wus njara langit bakal bisa nguntal bantala?
Ora! Ora mung benere dhewe
Yen wus ngina marang lawan catur
Ora duwe subasita
Lan ora duwe rasa luput babar blas
Ngono kuwi wus sabangete manungsa
Iya manungsa durjana
Rumangsa adigung, rumangsa kuwasa
Yen ngono kuwi wusana sing males
Ana ing donya, mbuh ana ing akhirat
Iklas kuwi pancen abot
Nanging kudu iklas lan sabar
Ngadhepi janma adigung

NGENTENI APA

Parak esuk isih kethop-kethop
Dipadhangi lampu cilik ing pojokan
Swara jangkrik lagi gegojegan
Swara jam tembok patingk lithik
Adhem njekut, sepi nyenyet
Ngenteni apa
Apa sing wus daklakoni sedina iki
Aku eling
Nyangapa aku isih luput
Nyuwun pangapura
Aku dhewe
Dosaku dakpikul, apa kuwat?
Astaghfirulloh...
Aku ngenteni pati

ROS

Sawise limang taun ora kepethuk
Sliramu saya ayu wae
Rikalas emana,
Jaman isih SMA
Sliramu aruh-aruh aku, sumringah
"iya Ros" mung sakkecap
daksawang-sawang
Tan bisa lali esemmu angujiwat
Untu miji timun kuwi
Tansah kagawa tumekaning iki dina
"Iya Ros" aku lagi wae mangsuli
Persis kaya rikala semana
Kang limang taun mung ana ing angen-angen
Nyata kasembadan
Bungah sumringah, tan bisa kegambarake
Mung rasa iki durung bisa kawetu
Sajroning tembung-tembungku
Menawa aku, tresna marang sliramu
Ros

WOLAKWALIK

Wolak walik iku wus tinakdir
Yen ana menang mesthi ana kasor
Lumrah, yen kuciwa wayah kasor
Lumrah, yen bungah wayah menang
Yen dina iki menang, sesuk kasor
Yen dina iki kasor, sesuk menang
Tan kena nggrundel marang nasib
Kudu nrima ing pandum
Apa wae iku wis tinakdir

Arfa D Nugraha beralamat di Dusun Tengger,
Ds. Bancangan, Kec. Sambit, Ponorogo.

SUWUK

Bismillah
Jopa japu kembang setaman rena pitu
Daksuwuk manuk lanangmu
Arupa klawu dadi biru
Ben ora turu apa luru

Bismillah
Jopa japu menyan madu nyebar arum kelu.
Daksuwuk ati lanangmu
Abang mbranang dadi awu
Ben tawadhu setuhu.

Suwuk suwuk
Suwuk aja mung sadumuk
Suwuk setan ngamuk, diancuk!
Minggat minggat aja ngluruk
Dudu ula luwuk.

Bismillah
Suwuk dudu ula luwuk daksuwuk
Ati lanangmu dadi setuhu.
Bekti marang ratumu
Tetep dadiya satria kang tuhu.

SUWUNG

Tan arupa
Wening
Semilir angin ngekes ati
Rerindhu rindhu
Tan arupa
Tan kena kinaya apa.
Sir
Tan bisa tumus
Drung ing awang-awang.
Suwung
Brung!
Tresna ketliweng.
Ing batin kang nepi nyecepi wengi.

LAYANG KANGGO SI MBOK

Mbok Simbok
Liwat kitir iki
Dakcritani abange dhadha
Ginubel ewon rasa cuwa
Saka brang wetan
Saka brang kulon
Saka brang lor lan brang kidul
Tanpa upama
Peteng ndhedhet ati rasane mbok

Mbok Simbok
Anakmu nandhang dhuhita
Ati keremet-remetora kuwawa
Mrina
Ati sigar papat
Muncrat getih kapacak ngendhat
Mlarat
Bandha donya mlumpat dikeruk bangsat
Tuwuh dendam kesumat

Mbok
Apa Simbok krasan ana swarga?
Aku kangen kudanganmu kang tansah anyep ana jiwa
Mbok Simbok
Katresnanmu ora bakal keliya kepatri ana jiwa.

KANGEN

Kangen.
Kangenku ngrembuyung
Ledhung-ledhung.
Nganti mentelung.
Kangenku marang sliramu.
Dak titipake nut lakuning bayu
Tumuju menyang dhadhamu.
Kangen.
kangenku tansah tak ronce ronce
ing lingir atiku
kanggo sliramu gantilaning atiku

Ary Nurdiana lahir di Sidoarjo, 25 November 1963. Tulisannya termuat di *Majalah Gadis, Majalah Intan, Mitra, Anita Cemerlang, Warta Bumi Putera, KPI, Ponorogo Pos,* jugaMajalah *Jayabaya* dan *Panjebar Semangat* berupa Puisi, Geguritan, Cerpen, Cerkak, Romansa, Crita Anak, Crita Misteri, Artikel, Opini Psikhologi dan lainnya. Beberapa karyanya terhimpun dalam buku karya bersama. Berkali-kali mendapat penghargaan karya tulis. Ijasah terakhir S2 Teknologi Pembelajaran lulus tahun 2004 dan berkiprah di Sanggar Sastra Triwida Tulungagung. Tinggal di Ponorogo. Pos-el: arypujangga63@yahoo.com.

PIWELING

Keluk klawu gumantung ing sisih kulon
Playune angin saben sadhepa saya ninggal angen-angen
Blarak klapa lan godhong gedhang ngglayut padha munduk
nyekseni nyungsepe surya

Kelingan kala semana
Simbah kakung ngendika:

Cah ayu
Cah bagus

Padhaa mesem salingsire padhang
Sanajan ala lakumu, nora bakal peteng dalanmu.
Sanajan becik lakumu, nora bakalan tambah
padhang suminare.

Peteng lan padhange dalanmu sarana saka jembar ciute
atimu
Peteng lan padhange dalanmu sarana saka ala lan becike
atimu

Manungsa wus pada luluh asihe
Manungsa wus pada ilang welase
Pada nggayuh apa kang dudu pandumane

Gusti mung ana ing donya
Gusti mung ana ing arta

Nora madhep marang Gusti makarya urip
Uga selak marang budi lan pekerti
Sejatine urip minangka sagegeman lebu
lebu kang awujud raga lan roh pakaryan becik

Cah ayu
Cah bagus

Peteng lan padhange dalanmu sarana saka jembar ciute atimu
Peteng lan padhange dalanmu sarana saka ala lan becike atimu

Malang, 28 Mei 2016

CANDIKALA ING MAJAPAHIT

Sansaya peteng agunge kraton
Sansaya adoh surya madhangi bumi
Ajaa menik putih thukul ing pojokan ratan
Wungkul dedeg sela kembar nora katon ing jembare soca

Dhuh Sang hyang Widhi

Siji-siji pada munggah
Munggah ngrayah dadi panguasa
Munggah pamer pamor kadigdayan
Ananging nora bisa becik anggone nata negara
Negara nora bisa nyawiji marang rakyate
Udan getih lan udan tangis swarane saben dina
Ati sirik uga paten pinaten sabendinane

Lemahku rusuh. Lemahku anyir
Rusuh kaya pangarepe
Anyir kaya pangucape

Dhuh Sang Hyang jagat Nata
Saklumahe jembar pelataranku
Wus nora ana maneh panggonan
Sanajan mung saklebate angin wektune
Kabeh pada ngadoh rasa ing gayuh

Ing sawijining dina
Padhanging manah Prabu sesembahan nampa pawarta
Nagari ing sabrang samudra pada tekan ing bumi Majapahit
Ngrajut, nglanjut babakan sang Prabu Hayam Wuruk

Dhuh Gusti, dhuh Gusti Welas Asih
Mugi paduka saged nindhakake tugas punika

Rasa sedih atiku nora katon
Rasa laraku nora ketulungan
Dadi wadal budhal nyabrang laut
Sanajan kalara-lara tak lakoni
Bukti bekti marang prabu Campa

Ayun banyu segara kaya rasa atiku
Wus tutas anggone luhku netes
Sanajan para kadang sundhul langgit anggone nglipurku

Dhuh Gusti

Kodrat wanita apa kudu mangkene?
Tunduk munduk ing ngarsane priya
Sanajan bisa sanding sang rama prabu
Sanajan bisa dadi kemule turu para ratu
Sanajan bisa ngramut satuhu
Ananging bisa uga dadi babu
Apa guna?

Raga lan jiwa kabalut sutra ananging dadi upeti?
Amung ngraketna tali silaturahmi

Dhuh Gusti, dhuh Gusti Welas Asih
Mugi paduka saged nindhakake tugas punika

Durung jangkep anggonku ngandhut jabang bayi
Durung jangkep anggonku nglerem ati
Durung jangkep anggonku gumuyu
Pangeran Prabu nitahake mangkat saka tlatah Majapahit

Ayun banyu segara durung ilang rasane
Luhku uga durung netes kasatan

Gajah Anabrang dadio seksi lungkrahku
Mapah nuntun anggonku mlaku
Aboting ngandhut jabang bayi iseh abot nandang susahku

Dhuh Gusti, dhuh Gusti Welas Asih
Mugi paduka saged nindhakake tugas punika

Nglayung ngrasake bab uripku
Nangisa wes tutas luhku
Sambata wes ilang swaraku

Gajah Anabrang dadio seksi lungkrahku
Mapah nuntun anggonku mlaku

Aboting ngandhut jabang bayi iseh abot nandang susahku
Kerana katrisnanku marang jabang bayi
Ngluwihi jembaring samudra nuswantara
Tlatah Sriwijaya Prabu Adipati Arya Dhamar panujuku

Dhuh Gusti,dhuh Gusti Welas Asih
Mugi paduka saged nindhakake tugas punika

Jangkeping sasi sanga dasa dina
Tangisku ambyar. Bungah
Jabang bayi titisaning prabu lair
Gendhok puser kembang rupa katandur ing bumi Sriwijaya
Bukti kakawin tlatah majapahit marang tlatah Sriwijaya

Nuswantara nyawiji
Nuswantara iku pertiwi
Nuswantara nduweni aji

Dhuh Gusti,dhuh Gusti Welas Asih
Mugi paduka saged nindhakake tugas punika

Rasa sedih atiku nora katon
Rasa laraku nora ketulungan
Dadi wadal budhal nyabrang laut
Sanajan kalara-lara tak lakoni
Bukti bekti marang Prabu Kertabumi
Ayun banyu segara kaya rasa atiku

Wus tutas anggone luhku netes
Sanajan para kadang sundhul langit anggone paring panglipuran

Dhuh, Gusti

Kodrat wanita apa kudu mangkene?
Tunduk-munduk ing ngarsane priya
Sanajan bisa sandhing sang rama prabu
Sanajan bisa dadi kemule turu para ratu
Sanajan bisa ngramut satuhu
Ananging bisa uga dadi babu

Apa guna?
Raga lan jiwa kabalut sutra ananging samenika dadi garwane adipati
Amung ngraketna para priyayi
Sanajan durung jangkep cuplake puser jabang bayi

Abang tipis kulitmu katon cahya nirwana
Sunar mripatmu nembus padhanging angkasa
Sanajan adoh marang gayuhane sang rama

Adeg dedegmu titisaning prabu ing Majapahit
Tumbak keris anggonmu nyengkelit
Ananging luhur budimu luwih kesit

Jembaring Samudra wus kalakon
Sowan marang rama minangka ana pitakon
Kekarepan biyung uga kang ngongkon

Rama kang aran Prabu Kertabhumi seda
Tumbal karana angkara murka
Bela nagari klawan Prabu Giriwardhana

Malang, 24 mei 2016

(Kapethik adhedhasar komik "Senjakala di Majapahit"
karya Teguh Santosa)

Asa Wahyu bernama panjang Asa Wahyu Setyawan Muchtar. Lahir di Malang, 19 Juni 1971. Mengabdi sebagai Guru Honorer sebuah SD di Malang.

LELAKONE MANEKA
(Suluk)

titah sri ratu
kang andarbeni kersa
tumraping jagat mayapadha
sunsumadya bala
gugur jugruge sang yaksa
bumi kapetak lebur
dadi sawalang-walang
kelap-kelaping sumunar
pet. tretep
langit katon peteng
sanalika purna kang kacarita
purna, purna, purnaning
purwa mayapada
kasirep dumateng lelakon
lelakone maneka mayapadha
ingkang andharbeni kuwasa
gusti kang murbeng jagad
kang murbeng dumadhi

Bojonegoro PSJB, 14 April 2005

GAMBUH WENGI WULAN NDADARI

anggayuh samaptane prana
ing mangsa lumingsire pangrasa kang kebak ing tedah
tan oncat sinangga dhuwur ing tawang
rumangket nyawiji sabadan, sapada, asalira
dug! tejaning gumebyar
nratab ning abange ati sayuta pandumeh
panesten tan saguh anggayuh mula buka
amung dumadi geganjele sakabeh pangarepan
lumantar gunging pandonga
sumunar tan kendat lumingsir
kalawan endah tejane sang yatma diwangkara
kang mijil imbang wetan
ngajab angrengkuh rereb padane rena

nawang wulan ciptaning tumus tumekaning locita
lir sumilir sang Hyang Betari Baruna
sengkelat jamus kyai kretya jengkar saking palenggahane
sineksenan Betara Kesawamurti dalah para Jawata
jumeneng nitih ingkang yantra kencananipun
nilarake sunar – jenar sumunar ing madyantara
anyekseni sakabehing kaendahan kang sarwa semriwing
mawa redhem regenge kahanan jagad
kang tansah katon rerem gumelar

kocapa lelakon sajroning pangurip,
sakawit memangun palakrama, ambudya atmaja utama
lamun lingsir surute pandulu dumadi pangrumat
wusananing amung dadi kacarita kembange lambe
tumus ketaman dening wiswa jamus kalaning Bathara Yama
ninggalake kembenge luh samudera katresnan

mring sejatine sun sapaa kang tansah mawas
tus yatna mring nyawiji ati iku
tan sumurut tirta samudra kinasih
tumetes anyles ing raga kasalira
mugaa kasembadan sakabeh pandonga kang agung
mantar Kersane Kang Akarya Jagad
kalis ing sambikala...

ya waluya – waluyaning jati
sir – lumingsir, nirada ing sakabehing urip
urip lan panguripan ing tembene, sakteruse....
ninggal sumunar ina,
kagawa begja-kabegjan kasunyatan tan néndra – tan sirna
wekasaning amung nunggal kamulyan kang nindita
mring langgeng nindya ing samubarang

Bojonegoro PSJB, 15 Januari 2013

TEMBANG PEPENGET

dhuh Gusti paringana penget kang sak kathahe
ing reja-rejaning jaman wedal menika
kalamun kawula jelas gamblang amangertosi
manungsa ical kamanungsane
kanthi busana ingkang katon sarwa endah
para manungsa sajak mboten sungkan-sungkan
andhahar dluwang dalah cuwilan waja
sok sapaa sejatine sira tan sirna ing pangrasane
amung anggayuh bandhane tan anggayuh akhire

dhuh Gusti sun paringana enget sak enget-engete kawula
sampun tanpa petang cacahe kawula alit dateng njawi mrika
namung ngelus madarane,
ngempet luwe kang mboten kantenan
ngemataken pandulu dhateng para panguwasa kang arupi sato
sinten ingkang mboten pengin ngumbar suwanten
kahanan kang tanpa tata lan kahanan kang tanpa trapsila
pundhi ingkang nami hak gadhahane kawula
sedhaya sampun telas kamangsa dening manungsa
ingkang arupa sato sakalangkung wengis

dhuh Gusti kawula namung saged nyadhong
nyenyuwun dumateng ngarsa Paduka,
paringana pangapura paringana sih wilasa
tumrap tiyang ingkang ical kamanungsanipun punika
paringana kawigatosan dhumateng kawula
jembaraken margi supados rikat jumangkah kawula
sowan ngarsa panjenengan

Bojonegoro PSJB, 15 Februari 2013

KONANG

wayahe wis kliwat dalu
rembulan semendhe ing antarane mega-mega
kinemulan mendhung ireng peteng
ngronce sisa-sisa crita sing kececeran
lir sumilir angin sore alas jati
ngoyak lintang-lintang kasmaran
sing biyasane kumerlip ngece
wis ora katon ing saindenge awang-awang bengi
bebarengan tumetese luh
amarga tangise langit
sing ana mung ireng peteng.
peteng.
kaya petenge dina-dina sing wis tak liwati
mung ancik-ancik dalan sajangkah
lumantar cahyaning konang lakuku
muga kabeh kaleksanan
apa-apa sing dadi niyatku

Bojonegoro PSJB, 08 Januari 2016

Benny Hasyim adalah anggota Sanggar Sastra PSJB (Pamarsudi Sastra Jawi Bojonegoro). Dalam tulisannya, ia sering menggunakan nama samaran Keling Athmojo. Tulisannya dimuat di beberapa media dan buku antologi, salah satunya adalah Bunga Rampai Puisi dan Cerpen *Lingkar Jati*. Tinggal di Jl. Dr. Cipto RT.07//RW.02 No. 62, Mojokampung, Bojonegoro.

TEMBANG URBAN 1

mlaku esuk nang mangsa uthuk. niteni
warung durung mbuka lan omah-omah
lawange ra menga. ing remeng adhem
nyakseni wong digugah luwe, nyakseni
kang wegah ninggal impen. mbangkong

kekarepan digelar ing sadawane dalan
ana sing pengen dadi gubernur, utawa
ukur anggota dewan, ana bursa pulsa
mirah, lan *baygone* gandheng karo *sasa*
--mung patang puluh jangkah, ngetane
ana kuburan kawak. ketoke tingtrim
kembang kamboja (pethak) dirias embun

mau bengi nang mangsa peteng kecatet:
melu ngempal ing pista ngombe--arak
jawa campur *fanta*, calacah lan sepirtus.
melu kang nyekakak sinambi ati padha
mbrebes mili. macak ongkang-ongkang
mergo polah peujit dangdutan iku ra isa
disihir sop watu khalifah (zaman) biyen

mlaku esuk mangsa uthuk. niteni anane
tempat kanggo mengka tegen labuh pati

21/11.2008

TEMBANG URBAN 2

--lenggah nang kursi *café* perko
nyandhingake donat bolong pikir
karo pait sacangkir kagem pamikir

branta ngarepe *cineflex*. nyawang
novel asmara *happy ending* kang
dados filem, niteni cina wadon
ngumbar kasekten mangsa biyen,
lan landa miber nembus *our future*
: nanging janji kowe luput. ora teka

candu waktos diobong maneh. saiki
langit kutha pijer wuyung dikemuli
manglapis pedhut. janma padha bubar,
sakembaran papasangan mungkus asih
(mbrengengeng *sirene* mobil blangwir
satpam wathuk. pelayan ngrikesi kursi)

glali abang ceblok nang dalan. ambyar
katlindes roda sedan. ing sirepe wong:
catur wanara rukem nyandingake *vodka*

23/11.2008

TUNGKU PEDHUT

nang warung mak sih ulaweran
pesen sega pecel ekstra tempe
ngresula: nang omah nduweni beras,
endog, wajan *teflón* lan lenga goreng

"tapi ra ana lenga gas," jare jangarisuk
"tapi wedi karo elpiji," clatune kliyeng
(nyakot rempeyek kang terine mung telu,
ngglosorake godhong tela lan kembang turi)

pucuke randu saya ijo. cah sekolah rebutan
buah keres sing menthil abrit. ing pretelon
barabi kilangan langgan: ra isa ngonthel becak,
ora isa pesen sega, teh pait lan ses reca penthung

saka gerdhu jero kampung swara kenthong
nggugah wong, wara-wara: nang pang
nangka kenceng lor tamaha kalungan tambang
"nyumbang areng utawa rencek, ya!" jarene rt

13/12.2008

LINGSIR WENGI

: sugeng rawuh ing kutha
caruban. saka ngawi, ing
sabrang dalan, ana mesjid
lan rumah sakit. pkl nang endhi-endhi

sega pecel, tempe penyet, kopi
susu dirantos adheme sinambi
ngobong ses ngobrol ngalor-ngidul
mobil, arang-arang, banter--ngebut

wis padha-padha eruh: mburi
rumah sakit ana kamar mayit
kuburan diumpetake pinggir kalen. adoh
ngarah kang ngobong ses lali karo wektos

12/12/2008

Beni Setia adalah pengarang tinggal di Caruban, Madiun.

MEDHITASI PRING

carang pring garing
brundhul tanpa ron-ron aking
tumiyung tinerak pawana
dadi sasmita lakune urip

yen wis ngungak isine bumbung
kanggo apa isih kumalungkung
yen pungkasane urip
mung kaya anggane pring
garing tanpa godhong
pukles kekes neba
tanpa daya

yagene pring kang tuwuh dhuwur
ora nrajang mega mendhung
nanging malah tumelung?

padhepokan sawunggaling, 2013
kapacak ing *Jayabaya* taun 2013

WANGSA LAN PRAWIRA

ana sasmita lungit kang ginurit
nalika jarweng janma
dadi ukara patanya
kumbakarna mudhun saka leburgangsa
apa sing dibela?
wangsa, apa iya?
ana werdi kang siningit
nalika janma kang koncatan jiwa
dadi cangkriman lan kudu dibatang
wong yen wis mati
ninggal apa?
menyang endi?

jarweng janma
janma jinarwa
wong
wong prawira kebak ing laku
lakune janma kang koncatan jiwa iku
mati
mati alabuh negara

padhepokan sawunggaling, 2014
kapacaking *Solo Pos* taun 2014

BIYUNG

anakmu mulih nggawa getih palagan
saka sakehe paprangan anakmu kasoran
tan bisa mesu hawa nepsu
mung wirang kang kagawa mlayu
tumuju ing dlamakanmu

saka garbamu lelakonku dadi crita
saka garbamu aku bisa ngadeg jejeg
dina iki, esuk iki aku bali
nggawa sewu tatu anyar
ngandhut crita kang durung kababar

saka mandrawa esemmu wus nyegat
nampa balikku tumuju pangkonmu
"nyedhaka ngger, tatumu isih bisa dakusadani"
bebasan tembung andayani gurit-guritmu
ginurit rinakit dadya donga-donga
kang tansah mbumbung ing angkasa

dina iki, esuk iki
sun sumembah ing pepadamu
nyadhong donga lan pangestu
bisaa dadi jimat paripih
tansah nelahi lan ngreksa lakuku

padhepokan sawunggaling, 2013
kapacak ing *Jayabaya* taun 2013

MENDHUNG TUMIYUNG

ana mendhung tumiyung
nalika guwayamu nglayung
nyimpen wewadi lungit
sawalike langit peteng kang wingit

ana mendhung netesake grimis
nalika aku kepengin maca sasmita
saka mendhung kang nggembuleng peteng
--grimis kandha: langit lagi nangis
--langit takon: apa kowe ora miris?
saka tlethik wersa kang pungkasan
katon sliramu isih ngempet waspa
apa sliramu durung bisa nglenggana?

tetesna waspamu satengahe wersa
murih bisa langsung binasuh
klawan weninge tirta kang mijil saka angkasa
mendhung kuwi tumiyung mangulon
lamat-lamat cahya kuning miyak mendhung
semelete srengenge mbabar praba katresnan
papagen cahyane
papagen!

padhepokan sawunggaling, 2014
kapacak ing *Solo Pos* 2014

Danang Wijoyanto lahir di Trenggalek 12 Agustus 1992. Selain masih tercatat sebagai mahasiswa S2 Pendidikan Bahasa dan Sastra Jawa di Unesa, ia aktif di jagad seni sebagai manajer grup campursari, pengendhang dan pelatih karawitan. Selain itu alumni S1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Jawa Unesa ini pernah menjadi salah satu dewan redaksi majalah beraksara Jawa Ajisaka (Balai Bahasa Jawa Timur). Tulisannya berupa geguritan, cerkak dan artikel dipublikasikan di majalah berbahasa Jawa, seperti *Jayabaya, Panyebar Semangat, Ajisaka*dan *Solo Pos*. Alamat pos_el: danangwijoyanto@gmail.com.

GURIT ENDAHING RASA

Katulis gurit ing tengah wengi
Amberengi gumebyaring lintang
Kumlewa ambyoring susetya kang endah ngrenggani rasa
Ginawa rasa suka kang kumanthil ing telenging nala

Ginurit ing prasetyaning ati
Nalika rasa syukur kaucap saka telenging janji
janji suci mring rasa gung gumunggung
Mring gusti kang tansah nyawijekake ati suci

Endahing alam kang dinulu ing netra
Agawe sengseme ati kang nandang lapa
nalika rasa kang kagubet kahanan donyo
Ginawa nganti tekan rasa sungkeme

Endahing susetya abyoring rasa
Sawah ijo kadya karpet kang gumelar
Pratanda gumelaring kamulyan para tani
Nganti tekaning janjine Gusti mring kamulyaning jagad

Atur panuwun mring gusti kang akrya jagad
Awit wis paring kanikmatan mring kita sedaya
Kari manungsa kang bisa njaga lan nglestarekake

Samubarang kang wis pinaring lan rumeksa ing bumi
Aja karusak apa kang ana lan kaparingake
Reksa lan jaganen kanggo mbesuk kamulyane anak putu
Supaya tansaya ana rasa syukur
Ing jiwa marang kahaning alam kang sarwa endah

DUDU AWAKE DHEWE

Lintang kang gumebyar
kadya abyaring suset yenkang cumande ing raganing rasa
sumilir angin kang nambah getering jiwa
Tan rinasa ati kang cuwa marang kahanan donya
Ginawa lunga dening endahing suasana

Taktampa sakabehing rasa
Aku ora bisa ngowahi rasa
Aku ora bisa ngowahi kahanan

Abang ora bisa dadi ireng
Rina ora bisa dadi wengi
Kaya dene atimu . . .
Ora bisa dadi atiku
Aku tan kowe . . . dudu awake dhewe

KUNARPA TAN BISA KANDA

Jejering titah tan bisa kumawa
Nulak lan nrima ujaring kandha
Nalika garis pepesthi wis ginaris ing ati
Nadyan rasa bisa trima
Nanging sapa bisa nulak wewaler iku

Tan ana kang bisa kumawani
ngrabasa titahing dumadi
Mung bisa ngulapake
kang kondur ing ngarsane gusti

Tanpa nggawa rasa
tanpa nggawa raga
samyuh . . . metu saka angga
Tumuju papan kang katuju
Tanpa kanca ing papan kalanggengan

Budhal tanpa raga
Mulih tanpa nyawa
Duh kang murbeng dumadi
Tan kunawa bisa semaya
kabeh amung bisa sumarah
Pasrah tanpa kanda . . .

IMPENKU DUDU IMPENMU

Tidem, leren tanpa swara
Nglangut kaya dene ilang samubarange
Ora rinasa eluh tumetes
Yagene kabeh bisa dumadi
Nalika rasa kang tansaya ngrembuyung
Kudu ilang kagawa kahanan
Dhi
Impenmu dudu impenku
Pangarepku dudu pangrasamu
Umpama wektu bisa lumaku mundur
Mboh menawa bakal ana impen kang padu

Kasunyatane
Impenku dudu Impenmu
Rasaku dudu rasamu

Dian Widiyawati adalah guru Bahasa Jawa di SMP Negeri 6 Madiun. Pos-el: widiyawatidian@gmail.com.

GRAHANA

Srengenge lan mbulan
wis suwe nandang katresnan
nanging tan bisa
panggih ing bebrayan
krana rama dalasan sibu
durung paring idi pagestu
Srengenge lan mbulan
ageng banget tresnane
ngantu nganti telulikur taun suwene
bisa sinandhing nyawiji
krana kersaning Gusti
Mangga prakanca
kita sedaya manembah
kanthi kanugrahan jati
mugi luhur wekasaning mukti

Baureno/09-03-2016

KEMBANG JATI AKING

Aku iki ora ana bedane
kadidene kembang jati aking
kumlebat kasamber angin esuk
kumricik swarane grimis
nyempyok nelesi jiwa raga
mak crep rasa atis
kembang jati aking thukul
ijo royo-royo maesi jagat
ginelar ing ngalam
padhang jingglang

Baureno/28-02-2016

GETIH PANGURIPAN

Yen sliramu durung duwe
Donya brana
Apa kang bisa koksumbangake,
Kajaba getih
Najan katon tanpa regan
Getih minangka panguripan

Pasinan, 02-02-2016

RATRI

Swasana tintrim
Anyep atis ngaudal gurit
Saka telaning batos
Nyedhak mring Gusti
Kang Akarya Jagad
Nguntapake rasa
Ing satengahing ratri
Sujud madhep mantep
Nyuwun ndedonga
Paringana sabar narima
Kabeh kang ginaris
Krana sabdaning dumadi
Jalma mung wenang nampa
Kanthi lembah manah

Ora perlu, ngalor ngidul
Ngetan ngulon
Ngumbar murka kang ora rupa
Ndadekake serik
Ngancik-ancik pucuking eri
Ra lila yen lian bisa suka
Kakanthi muluk sega saupa
Tanpa guna
Apa sing dikarepake ing ngalam

Tantinampa kadi kinira
Hamung sepi
Sepa
Ing satengahing ratri

Talun, 08-01-2016

Emi Sudarwati adalah guru bahasa Jawa di SMP Negeri 1 Baureno, Bojonegoro. Telah menghasilkan beberapa buku. Peraih penghargaan guru berprestasi dalam bidang bahasa dan sastra dari Balai Bahasa Jawa Timur tahun 2015.

RAMA LAN PUTRANE

Ing pepundi anane manungsa
Saka kulon nganti wetan
Anggone nggunem karekasan
Ora ana pungkasan

Menawa kelalen karo luhunging bangsa
Kang kabukten mula buka raharja
Nanging sing kewaca namung
Rekasan makarya ing alam donya

Bocah cilik mlaku karo ramane
Nyawang ana gunungan
"Rama, punapa ingkang wonten tengah?"
"Iku Kalpataru, Le"
Saiki awujud nyata
Ana Kalpataru jumeneng tengah
Dhuwur lan edi peni
Rama banjur kocap
"Yakuwi pengayoman"

BIMA ING JAMAN SAIKI

Bima ing jaman saiki tan saya akeh
Ngebaki wates-wates desa lan kutha
Budhal esuk mangerteni kauripan
Anggawa pusaka sanes gegaman
Yakuwi Bima jaman saiki

Esuk-esuk salaman marang rama biyung
Budhal aja lali sinangu dedungan,
Muga Gusti paring kagampilan
Mangerteni kauripan kang diowahi jaman
Mbrantas rukmuka lan rukmala
Agawe raharja santosa kaluwarga

Yen kudu nyigar wana
Yen kudu mlebu guwa
Najan kudu nyelem segara
Lan kepethuk mala rupa naga
Nantang durbala lan durgama

Jiwane Bima jiwa kang becik
Nurut marang guru kang wenehi ilmu
Yen tirta kamandanu ora digoleki Bima
Ora kuwawa Bima kepethuk Dewa Ruci
Ora jelas janmane kauripan kuwi
Guru srana Gusti paring pituduh
Kudu dikurmati lan diajeni
Marang Bima-Bima jaman saiki

KOPI JAWA

Yen ana tamu becike disuguhi kopi
Kopi kang panase mongah-mongah
Njur aja lali lepek lan jajane
Supaya tamune ngrasa diajeni
Geneya kok kudu panas?

Kopi warnane ireng lan pait
Diwenehi gula sithik supaya legi
Ning irenge tetep ireng
Paite tetep kerasa
Ora becik yen kelegen
Kopi ora bakal bisa dadi sirup

Kopi jawa wus nglanglang buwana
Saka Asia, Eropa, menyang Amerika
Paite disenengi, irenge dadi pangeling
Dadi kanca wayah esuk lan sore
Dadi kanca seneng lan susah
Ora peduli kuning apa putih apa ireng
Kopi jawa tetep prasetya

Kopi jawa mituduhake lakune wong Jawa
Kang bisa prasetya marang kekancan
Kang bisa kasusra manca
Dadi endah ing lathi lan ati
Najan paite ya kerasa
Yakuwi urip ing tanah Jawa

CRITANE RATNA MANIKAM

Sinawang endah ana ing tipi
Agawe klambi kang abra-abra
Agawa kembang kang megar-megar
Parase kaya-kaya saktine satriya
yakuwi mung endahing paras wanudya

Gusti Pangeran ingkang ngripta ratna
Ana ing jroning watu kang ala
Kudu ditatah kanthi ati-ati
Supaya ratna nora kalengka
Yakuwi endahe musthika

Wanudya kuwi ya ratna
Ning ratna kang luwih pangaji
Kudu tatag ora bisa gingsir
Alane panguripan
Ratna kang bisa dadi musthika
Donya lan swarga

Faizal Hadi Nugroho lahir di Gresik, 15 Juli 1992. Lulusan S-1 Pendidikan Bahasa, Sastra Indonesia, dan Daerah, Universitas Negeri Malang. Sekarang mengajar Bahasa Indonesia di MTsN Malang I, Jalan Bandung 7, Malang. Pos_el: faizalhadinugroho@gmail.com.

ANA CRITA

Ana crita
Crita kita
Crita marang slira
Crita marang awak ira
Crita ketitik
Crita ketara
Crita mawa lisan
Crita mawa tindakan
Crita para pahlawan
Ana crita kang njangget
Ana crita kang mancep
Ana crita kang mamut
Ana crita kang nganthi nglumut

Baureno, 29 Agustus 2019

GAJAH WELING

Gendhut
Gembrot
Nganti mblorot
Gendhut
Gawene nggembol dhuwit rakyat
Gembrot
Cirine para pejabar
Nganti mblorot
Jalaran kesorot

Baureno, 29 Agustus 2019

KENTHONG

Tok... tok... tok...
Tok... tok... tok... unine
Gamblang rerungone
Pring kenthongane
Kenthongane rame-rame
Ilang rungone nganti suwe...
Kependhem lemah
Banjur mbejudhul nganti seprene
Ngumandhang...
Kenthong...

Baureno, 29 Agustus 2019

ATIMU GRUTU

Aru biru
Banyu biru
Ning segara aru
Ngrajang atimu

Atimu grutu
Ananging ora mampu
Ananging ora bisa metu

Atimu grutu
Sangsaya jembar atimu
Saya jembar saya mbatu

Atimu grutu
Kesandhung watu
Watune semut kuru

Semut njerit
Kecepit...
Watu gedhe kang njepit

Baureno, 30 Agustus 2019

KRETA KENCANA

Kreta iki
Saka semut iki

Kencana iki
Uga saka semut iki

Kreta kencana
Aja gawe sembrana

Kreta kencana
Kudu tansah waspada

Kreta kencana
Dalan tumuju mulya

Kreta kencana
Bisa uga dalan cilaka

Baureno, 30 Agustus 2016

.....

Fitri Nur Handayani adalah pelajar kelas IXA SMPN 1 Baureno Bojonegoro. Tinggal di Ds.Karangdayu, dsn. Centhung, Kec. Baureno. Pernah turut menulis buku geguritan "BUNGAH". Pernauh menjadi jjuara 1 Pidato Basa Jawa se-Kab. Bojonegoro.

GONDRONG

lamun sira ...
nyawang kudune ing papan padhang
kanthi pandeleng kang mantheng
lamun ireng kareben cereng
abang katon branang

ana rupa ana rega
ana rega kudune ana rasa
aja gumunan, aja alokan, aja melokan
apa maneh melik darbeke liyan
gondrong durung mesthi garong
kriting ora mesthi maling
potongan cepak durung mesthi lakune tepak
ana kang saben dina nganggo dasi
ning dina-dinane korupsi

aja waton ngucap
lamun sira isih percaya
padhange rina amerga sunaring bagaskara
aja ngomong angger
sakabehing uni iku mawa wewaler
maneh-maneh ajar lamis
nyepyur winih sembur mawa wisa
aku isih percaya manungsa iku dudu ula.

Balen, psjb 24062015

KUCING

Rinasa ana godha
sajroning laku urip
nalika winih ati katandur
ing sajembare pasrawungan

ganda arus, amis
penguk, kecut lan pesing
sejatine gandane kembang panguripan

surup rimis-rimis
kucing njedhindil kluncum banyu udan
meang-meong, meang-meong
ndhepipis ing emperan
cingak-cinguk
kucing bubar nyolong pindhang
dipangan ing kamar hotel
matane pendirangan
wedi kadenangan.

Bojonegoro, psjb 15112014

WATU LANANG

ana bocah wadon ayu
nyincing tapihe, mlayu sadawane galeng
sajembare sawah nguber cahyaning rasa
endah wiyaring dhadha
munggah-mudhune ambegan
prengkosan
mili kringet ing gulu kang ngelung gadung
ngosetake sikil kang kebak lendhut
cingak-cinguk golekwisuhan
kala-kala ngusap kringet kang nyabrangi mripate
ngeleg sisa teles ing gorokane.

ngoyak
sunar abang ijone watu
kang nyulak ngebaki langit

geneya
watu – watu wantah
dadi wadhah
kaaran "watu lanang" lelanange jagad
kamangka
wiwit biyen mula
atosing watu cinandra wataking priya.
padhas putih lan kuning kang tansah nyandhing
ora aweh pepeling

Bojonegoro, psjb 24032015

LONGAN

Wengimu kekes
ndhepipis ing poncoting senthong
growah kaya longan
aran kang mapan sangisore dhipan
amba-gedhe lan cendhek-dhuwure
gumantung longkangan
jero jeroan sajroning impen
kang nate nitipake urip
urip tilasing pati lan pati tilasing urip
cetha,
Grayahana longan
longan tilam pagulingan
kang dadi wewadi
wadining urip
panguripanmu.

Bojonegoro, psjb 25122014

Gampang Prawoto lahir di Bojonegoro, 23 Oktober. Kesehariannya mengajar di SDN Pejambon Sumberrejo Bojonegoro, aktif dan didapuk sebagai carik di Sanggar Sastra (PSJB) Pamarsudi Sastra Jawi Bojonegoro. Telah menghasilkan buku puisi dan gurit. Buku antologi geguritannya *Puser Bumi*menerima penghargaan dari Balai Bahasa Jawa Timur 2014. Karya-karyanya tersiar di Majalah Sastra *Indhupati, Jaya Baya, Panjebar Semangat, Djaka Lodang, Damar Jati, Pujangga Anom, Radar Bojonegoro, Jurnal Tempe Bosok Solo, Tabloit Serapo* dan lain-lainnya. Kini tinggal di Desa Pejambon, Kec. Sumberrejo, Bojonegoro. Pos_el: gampangprawoto@yahoo.co.id.

CRITA ING KUTHAMU

: Amelia

Wis tau daktlusuri kabeh punjere kuthamu
sing menawa wae durung nate mbokambah
sadawane umurmu
kita tau nyoba nandur geguritan ing saben-saben
pategalan lan lemah ngare
ngundha panjangka kang durung mesthi kelakon
jaremu: kanyatan kuwi wenange kang andum napas

wis daktlusuri kabeh punjere kuthamu
ora nemu tlipake crita klawu
yen ing kuthamu jebul wis menehi paseksen tumrap
sakabehe lelakon kang tumanja
ora mung sadherma nglabuhi dawane tresna

crita ing kuthamu saiki kari ayang-ayang peteng
mung ngarep-arep ramalah bisa owah
ngantebi jiwa pasrah lan sumarah.

Ponorogo, pungkasane April 2015

KIDUNG SAKA MANDARAKA

: nakula sadewa

Dudu tangis sing dakkarepake
amung kandele rasa ing kurusetra
manjing nglabuhi dharmaning satriya
jalaran ing antarane kita wis salin crita
aja mboksengguh iki gegojegane antarane
anak lan paman
awit yen bendhe wis tinabuh
pancen angel mbedakake endi batur
endi dulur

Ponorogo, Januari 2016

BATHIK LURIK

Bathik lurik kuwi mbiyen
dakbungkus kertas kadho
tinalenan pita werna abang
kanggo mahargya ambal warsamu
ing pungkasane sasi Juni

bathik lurik kuwi weton surakarta
kiblate kabudayan jawa
supaya kowe gelem ngerti sejarah
eling marang bibit kawite
rikalane kita isih durung dadi bocah

saiki wis embuh pirang taun lawase
bathik kuwi dadi pangiket
mbokmenawa wae kowe wis waleh
krasa sumuk lan risih
kinemulan bathik lan tapihan jarik
kang wiwit letheg mambu apeg
banjur cucul kabusanan
melu ngentir ilining jaman

SAWISE SRENGENGE MLETHEK

Sliramu ora perlu nggetuni mangsa kawuri
dimen ora kedlarung natoni ati
ana kalane kudu sumarah apa kang tumitah
pangangen kang kebacut mrucut
becih diwasuh murih ora dadi pulut
jalaran sapa ngira
eseme srengenge kuwagang
ngowahi crita

ponorogo, januari 2016

Gayuh R. Saputro lahir di Ponorogo. Mulai belajar menulis sejak kuliah di jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Jawa, Unesa. Tulisannya tersiar di *Panjebar Semangat, Jaya Baya, Djaka Lodang, Jemparing, Ponorogo Pos, Solopos, Kedaulatan Rakyat, Media Indonesia, Malang Post,* dan *Joglosemar*. Penulis yang aktif di Sanggar Triwida ini sekarang mengajar di kota kelahirannya sambil meneruskan menimba ilmu pengetahuan di Pascasarjana FKIP UNS.

SEDHEKAH OKSIGEN

Hengwilahing sekaring bawana sekaring jagad
Mobat mabit angin dharat semburat
Mobar-mabur angin dhuwur kesaut digawa mabur
Ana jabang bayi nggugat biyung
ana biyung nggugat simbah
Sapa kang paring palilah nebang alas pakune jagat
Sapa kang paring palilah nebang wana
kang ndadhekake tempuke bawana karo bagaskara
Bumi gonjang-ganjing langit cat katon cat ora
Awan ilang panase bengi ilang atise
Kali mili lali dalane
banyu segara nglurug donya brana
Dhuh lae dhuh atiku
sapa biyung sapa simbah
Kang paring palilah
ngrubah tatanan jangkane mangsa
Sing dhuwur polah sing ngisor kepradhah
Mburu kasenengan sakedhepe netra
saklebate wewatonan
akeh kang kelangan gondhelane ati
Ing tembe buri ndadekake bubrahe tatanan
Jabang bayi nggugat sora biyung simbah
Balekna alas gung liwang-liwung
kang misahake bawana karo bagaskara

Nandura wit-witan kang dadi pakune jagat
Aja nganti
bayi lair tanpa swara wedi kentekan hawa
Oe oe oe oe oe biyung-biyung simbah-simbah
Aja lali sedhekah bumi
sedhekah oksigen oe oe oe

PERTIWI

Jenengku dudu Olga
Dudu Siti Nurbaya
Uga dudu nyi Dasima
Aku mung saderma wong wadon lumrah
Pertiwi karanku
Buyutku uga karan Pertiwi
Bung Karno, Bung Hata, Bung Sharir
Bung Tomo kabeh metu saka guwagarbane
Pertiwi
aku nyebut ngarani jenenge biyungku
Tumungkul lingsem kebak penelangsa
Nglimprek tan kwasa ngadeg
Ndelok lan meruhi akeh putra-putrane
Nerak paugeraning urip
Awit amplop-amplop wus nggubet lakune
Kang pungkasane mlebu pakunjaran
Biyungku asring nangis nlangsa dhewekan
Meruhi kahanan kang putra
katebas gulune ing nagri sebrang
lan
Akeh wong wadon karudapeksa
ngglethak ana ing pojoke metromini
Ora bisa polah kang maedahi
awit negara wus kagubet kahanan
Biyung asring nangis keranta-ranta
Suweking ati
suweke pakurmataning awak

ndeleng wong wadon
saderma pangganep pametune birahi
Lan
aku mung saderma wong wadon lumrah
Pratiwi karanku
Jur kepriye aku bisa nampani kasmaranmu
Sing koobral sapinggire emper toko lan pojok-pojoke etalase
Leter ganjeh murah renyah kaya salembare cek hadhiah
Karanku pratiwi
aku mung saderma wong wadon lumrah
Kepriye aku bisa nampani panggodhamu
sing kosebar teka pojoke wengi
lan
pepucukane wit-witan parak esuk
ndadekake umube napsu birahi
aku bisa kagubet ayang-ayange pangarepe impenmu
kepriye aku bisa nampani katresnanmu
sing nganggep pakurmatane wanita
mung kaya unthuke sabun
sing bisa kosebul sakarepmu
semburat mabur maneka warna
kepriye -kepriye aku bisa nampa katresnanmu
pratiwi karanku
aku mung saderma wong wadon lumrah
aku bisa mosak-masik nyuwek sakabehe rasa kang endah
bisa matekake sakabehe reroncean kamukten
ngleremake sakebehe kekarepan sakabe gegayuhan
mung kanggo siji yaiku pakurmatan kang sejati
awit saka guwagarbaku
bakal metu pewaris tahta negri iki

NYENYET

Sepi dhewekan
Dolanan karo angin
Ngentekake wektu

RESIK

Srengenge mesem
Sapu ngobahake dalan
Tumata resik

SUWE

Ganda narwestu
Arum kagawa bayu
Nambahi kangen

SIMBOK

Srengenge mucuk
Kringet dleweran mili
Ngupaya butuh

TRENYUH

Langit resik
Rembulan tanpa rowang
Ing pojok wengi
Mencolot dhuwur
Kodhok pengin nggayuh
Esem rembulan

KETEMU

Sajroning ati
Kangen daksimpen jeru
Pucuk esemu
Lungkrah lan lesu
Bakal lebur sirna
Mandeng netramu

Hadi Supranoto, guru IPA ing SMPN1 Genteng Banyuwangi. Pecinta sastra, seni, dan budaya Jawa, terutama Teater Bocah ini adalah anggota aktif di Sanggar Sastra Jawa Banyuwangi (SSJB).

GURIT PANUWUN "MU-*NG*"

Lemah bang kang dadi kembang lambe
Mercaka cahyane liwat pekewuh gedhe
Lathine wis nyawiji mring uni
Dudu gugon tuhon ning bab wigati
Lemah bang sangsaya amba
Ngambake nalar ning durung nyata
Ngupadi benere bebener
Senajan dianggep nerak wewaler
Lemah bang lemahe kobong
Malih rupa dadi areng gendhong
Sing digadhang mung katon ndomblong
Gusti wus dhawuh abang iku jompong
Jompong pupuse jati,
Sejatine ati manggon ing dhiri pribadi

Ngupadi Waskithaning Dhiri
Bojonegoro, PSJB, 11-1-11

JING JUWING

Rumangsa tan kinira
Laladan ati migunani lathi
Suk menawa anggonku gladhi bisa kasembadan
Ning dalan kang kepacak rakumlawe, edan...!!!
jing jigung kanggo kewan agung
gung juging kanggo kawula alit
ning wangining jigung kang kajuging
mula padha elinga
lakune lakon manut panglakone
sumadya jejeg apa malah nyengkre
yen Gusti wus kari nurunake karsane

Mbabatan, sapinggire kertu tumata
PSJB, 17-02-2012

KENTEKAN ABAB

Kumedhul sabda tembung rinakit ukara
Wanda-wandaning sumringah sinebar dwi ratna
Solah bawane sang asta amithing landhepe jemparing
Prasasat mbithi ngoyak galihe para aking
Apa wis rumangsa kondhang
Wani maju ing palagan perang
Apa pancen linuwih daya
Nata negara kang dudu lakon ngayawara
Wis sinerat ana roning kalapa
Sang pangarsa kudu kebak rekasa ing upaya
Sekar kawis cinampur sekar mlathi
Dhasar manis marak ati.....adhuh Gusti
Dudu ngumbar esem ngujiwat ing pasuryan
Uga dudu adol piadeg lan kaprawiran
Ora minundhi-pundhi sawijining bab
Apa maneh pandhega kang kentekan abab

Ngambon, Bojonegoro,
PSJB, 10.06.2014

MANGSARASA

Angin labuh sinampyuh
Rerubuh swaraning gumuruh
Jumbuh klawan rasa kang rinengkuh
Nyamudana mangka tan bisa kukuh

Mangsa labuh miwiti tumuruning udan
Nanging aku isih mranggas ing patirtan
Labuh mangsa apa labuh rasa
Angin tresna apa malah durangkara

Kodrating titah kudu manut cakra kang lumampah

Bojonegoro, 09.11.2014

Nama asli **Hanung Wistanto**, tapi dalam tulisan-tulisannya menggunakan nama samaran Hanung Dampak Irowarso, atau Hanung D.I. Penggurit dari Bojonegoro ini lahir tanggal 23 Pebruari 1990. Lulus dari Unesa 2012, langsung mengamalkan ilmunya dalam jagat bahasa dan sastra Jawa di SMPN Ngarem,

PEPES

Nadyan sing ngathong jare luwih akeh karo tukang weweh
menawa gelem ngijir kang pepriman gunggunge embuh wae
bedane mbok menawa mung carane nglumahake epek-epek
amarga kemucape ukara saka lambe meh padha swara klesike
dhuh lae mbok aja nyebar esem kecut nek ora ana sing nggape
apa ora wirang mung baut umuk liyane unjal ambegan dawa

Dul dadi dal wul malih wal ngono sateruse
saben dina ana wae sing dikojahake
mul dadi mel wah dadi wuh ngene jarene
saben lek ana wae sing dikandhakake

Arep keplok bokong kesrimpet pinjunge biyung
gek apa mbesuke bakal dadi crita kanggo anak putu
nek para pengarep wis padha kelangan greget
sawise sak kabehe endahe impen kejiret gadhen
mung kari sisa panggresah keri neng jero dhadha
njelu dikubur pengarep sadurunge katut samirana

Kedunggalar, 13 Mei 2015

WELING SING TANSAH DUMELING

Bapak lan simbok biyen kerep ngendika
tinggalen tresna sing mung nggubel dhadha
uberen penggayuh nadyan katut lintang raina
menawa lagi ketleyek wus ora ana saru sikune
nyunggi bokong kere neng paran istingarahe
angger ora konangan tangga mesthi jenthara
timbang neng desa malang kerik adol wisa

Jopa japu kebo sapi pamer sungu
macan galak gera-gero bledig luwak
aja isin ngaku bence nek sak nyatane
angger ora adol jiwa lan paugeran
tetep percaya sesuk isih ana srengenge

Bapak lan simbok tansah lumintu pandongane
kena apa mandheg mayong miyaki katresnane
sesuk lan saiki sejatine ora ana gesehe
angger gelem obah lambe tetep mamah
wong ubenge rodha sing nyakari ratan
ora mesthi manggon neng dhuwur selawase
sadurunge tinali telu isih bisa ngronce mega

Kedunggalar, 12 Mei 2015

LAYANG MARANG KANG TJAHJO

Ora mung tukang adol abab neng omah gedhong
nampa cadhong mubra-mubru karo malang kerik
sing adus kringet lan kungkum luh kudune ya oleh
merga ben sasi dijiret ijire angkane para punggawa
mikul endahe panggantha rina wengi tanpa teba

Nata aksara alif nganti ya
alpha teka beta
ha ngrangkul nga
dhuh dosane sapa
engga nganti kukut bumi
tetep nglengkara

Bromocorah ora tau krungu jerbabah
sing nate blithuk tetep oleh ngglembuk
sing gresek enthung tetep njethung kaya reca luwak
ngang ngung ngang ngung ngungkuli wong pengung
apa merga rikala jabang bayi lair biyen tanpa binat
mula senadyan direwangi anjir tetep diumbar sekarat

Kedunggalar, 12 Mei 2015

GURIT RONG ECE

Sambat ngaru ara jare telenge ati gudras ludira
pawongan ngendi sing nandhang tatu wong ayu
merga pengarep neng lambe wis garing disatru idu
linabur unthuke kangen saka langit bang kidul
coba mirengna kemrasake godhong jati neng alas
; Bang bang jo nek keplantang plonga plongo
bang bang ji nek kedlarung brebes mili
wong bagus dulit lenga wangi ben ora prengus
tintingana sak tenane sing aji bleger apa jiwa
katresnan sejati digawa nganti pralaya

Kok ya ora lingsem ngronce gurit karo luh
menawa swiwi saben mekrok gothang kejiret lindu
manawa mepege wulu diumbar gogrok ngregeti pager
sawise mendem ndhedher endahe impen nganthi blader
nyatane ora nate ngrembaka kaya sing biyen kacekra
age enggal tangi melu ngolah lemah diumbar cengkar
aja mbok teruske olehmu dheprok karo thenger-thenger
timbang ngglolo luwih becik melu jigar neng latar

Kedunggalar, 4 Agustus 2011

Hardho Sayoko SPB alias Hardho Sayoko Sarban Panganggit Baidillah lahir 16 Juli 1955 di Kedunggalar, Ngawi. Selain diunggah di jejaring sosial, gurit dan puisinya tersebar di media cetak berbahasa Jawa dan Indonesia, serta Melayu. Karyanya juga terhimpun dalam berbagai kumpulan karya bersama, di antaranya *Redi Lawu, Malsasa 2009, Danau Angsa* (kumpulan haiku), *Pedas Lada Pasir Kuarsa, Pasewakan* (bahasa Jawa), *Requiem bagi Rocker, Memandang Indonesia dari Sragen, Indonesia di Titik 13, Dari Negeri Poci 4, Dari Negeri Poci 5, Penyair Menolak Korupsi, Memo Untuk Presiden, Sang Peneroka, 1000 Haiku* dan lain-lainnya. Buku antologi puisi tunggalnya *Penyair Negeri Rembulan*.

DARMAJA TANPA ROWANG

:swargi Mas Sur

bokor kencana suwung
sampur mataram suwung
layang kekancingan kae dhumawah selasa kliwon
nimbali panjenengan dimen sampurna
ing kasampurnan jati, krana panjenengan wus lampah
satata lair satata batin
kanthi sumeleh

sugeng tindak darmaja tanpa rowang
jejapaningsun ndherekake sarira kang sigeg
ndherekake jiwa lestari menyang kalanggengan,
bausastra lumaku kae wus prapta ing pungkasing marga
ngayogya malih suwung
jagading kasusastran uga suwung

Madedadi, Juli 2007
kapacak ing *Jaya Baya* No.21 Minggu III Januari 2008

KEDHUNG GUNG LIWANG LIWUNG

Ati bungah ora bakal geseh
Sangking bismillah
Kedhung
Saka ngendi kabeh kanugrahan
Mili sesambang ing lepen-lepen
Lan baita ngentekake dina-dinane ing kana

Sawah-sawah, tetuwuhan tansah nenuwun
Paring gesang minangka bektine marang Gusti
Krana bismillah
Kadya ing sekabehing sujud
Kekembeng waspamu saka netra
Mbilas akeh rereged kang sungkawa ing pipi
Ing lathi
Ing bebrayan kang udhar kelangan suh

Duh, ati kang wus wisuh
Ing wening kedhung gung liwang-liwung
Yekti tansah bungah nglampahi taat
Bungah nebihi maksiyat

Lan sapa dhemen bungah ing kene
Bakal tansah bungah ing tembe

Madedadi, September 2007
Kapacak ing *Jaya Baya* No.20, Minggu II Januari 2008

THUKUL SAKA SUWUNG

ora ana kang kadhung krana dina
wus ngidung
pupuh mbaka pupuh cecaturan
saka suwung menyang suwung
kadya ombak ing jaladri
mungkasi tasbih banyu ing gisikan

dak itung tipet sikil ing lemah
tumemplek premati
nyawiji ing bumi, ora ana kang kadhung
kabeh sarwa tumata
kadya lamur ngusung wening wengi
menyang esuk kang seba

ora ana kang kadhung
prau sinurung ombak ora nate wurung
ngranggeh tali pangarep-arepmu
kang tansah thukul saka suwung

Madedadi, 2005

Kapacak ing *Jaya Baya* No.14, Minggu I/ Desember 2005

BANYU MILI

banyu mili kae
ajeg nyurung gethek ing kali
jroning nadiku
astamu sangu tumbak
mbebedhag lodan ing kedhung
teleng jantungku

sisik-sisik mina
lan maskumambang saka wulangreh
lir gupita alas Jakarta sing butheg
nglukar rina wengimu
: wingit lan suwung

kapacak ing *Damar Jati*, 2006

Herry Lamongan lahir di Bondowoso, 8 Mei 1959. Guru di SDN Jetis 4 Lamongan. Guritannya tersiar di *Jaya Baya, Panjebar Semangat, Mekar Sari, Jaka Lodhang, Damar Jati, Parikesit, Jawa Anyar*, dan koran *Surabaya Post*. Selain itu, guritannya juga terhimpun dalam beberapa karya bersama. Antologi gurit tunggalnya *Latar Ngarep*. Pernah memenangkan sayembara penulisan puisi dari Sanggar Minum Kopi (Denpasar Bali) dan juara satu sayembara penulisan gurit oleh Sanggar Triwida Tulungagung. Ketua merangkap anggota Kostela (Komunitas Sastra Teater Lamongan). Pernah diundang membaca gurit di Malaysia dan mendapat penghargaan Gapena.

SINAU

Kertase wis lecek
Nyecep sari-sari kembang turi
Wernane endah ning rasane rada pait
Diurap karo parutan kelapa
Nduweni rasa

Kembange rada ngrembaka
Pancen ya angel olehe nggayuh
Merga dedege ra jejeg
Penting saiki ngisi suara manca

Ireng putihe werna donya
Wis tau liwat
Wis tau nyambat
Sambat-sesambatan jluntrung nang njero sarung
Tetep kabukak lan kawaca kumpulane kaweruh
Kaamalna lan katularna

Masia dondom-dondom nang kain sisa
Penting ana guna!

Surabaya, 04 Juni 2014

RASANING ATI

Geguritan kang gawe leganing ati
Daktulis ing dluwang iki
Daksawangi rina wengi ing tlatah iki
Ati kang rasa sepi

Mung bisa ngimpi
Ora bisa males budi sing kok ajari
Dalanku dalan pati
Dalan kang diarani ngeri

Ana ing kurungan iki
Rasaning ati ora bisa ditambani
Kangen marang budi pakerti
Kangen marang tumindak kang becik

Ing dluwang iki
Daktulis rasa getun marang lelakonku
Lelakon kang gawe ngeri
Lelakon kang dianti-anti polisi

Ajuring budi ajuring nagari
Ajuring pakerti ajuring agami

Duh Gusti
Agunging samudra pangaksami

MODEREN

Perang tanpa getih
Jaman sarwa canggih
Gegaman ora jaman
Ora perlu adhep-adhepan
Aling-aling kaca mata
Ora peduli netese banyu kali
Jare kanggo mbelani Ibu pertiwi
Nanging„
Pesene gusti padha dilali
Jaman sarwa canggih
Sesambungan dadi gampang
Ngubengi cakrawala mung lungguh sila
Nyebrangi sagara mung sadina
Menyang kutha-kutha mung nunggang rodha
Jaman sarwa canggih
Butuh tenaga, ora butuh nyawa
Tenaga jaran ora kanggo
Tumekane minyak kang dipuja
Kewan-kewan padha cangkrukan
Ngenteni tekane pakan
Uler-uler padha tetangisan
Kagiles jaman moderen
Jaman sarwa canggih
Manuk dhali padha kelangan
Susuh kang kebak pengaji

Surabaya, Nov-Des 2011

DALU KANG WININGIT

Lampu kang dadi kanca
Ngadhepi adheme tirta
Angin tan saya nggodha
lelakon kang ora ana dunung
Geter lan mengkirik kaya dene krupuk kang kena tetesing embun
Lelewaning urip kayata cuthel
Kasebut ati kang mati mring gusti
Imane kari sacuwil
Nintingi lelakon kang ora ana pangaji
Nalika tetesing embun wis cuwa dika bakal ora ana guna
Rasa pangrasa wis kasebut mega
Kari gagang kang sinebut suthang kang dadi dalang
Apa ora weruh rasane panjilman
Aja ngguya-ngguyu nratapi tangise batin
Panjangkah dadi bubrah
Panemu dadi nesu
Panggagas dadi majas
Sukmaku kang kebebel bandha
Ilang tata krama merga kelangan tuma
Heem..,
Pantesku ana papan kang kebak mega!!!

Surabaya, 12 Januari 2012

.....

Imam Khotib Utomo tinggal di RT06/02 dusun Grogolan desa Sidorejo Kecamatan Kedungadem Kabupaten Bojonegoro. Pos_el: imamutomo151@yahoo.co.id

CATHETAN

sapa bisa ngerih-erih pletike latu
amrih bisa sethithik adhem
kanggo nyuntak ati kebranang kang keslomot mawa
nadyan mung sedhela ora dadi apa
amarga ridhong-ridhonge mega
bakal ambyar menawa srengenge wis sumunar
cukup kanggo pepadhang
tumrap pikir kang kumleyang

sapa bisa miyak banyu
kanggo pratandha menawa pancen bisa
kaya apa kang diucapna
kanthi cahya bulan ing gagat rina
ben ora ana kang kuciwa
mbok menawa ledhu kang tumempek ing dhadha
bisa uwal kaya bayi lan batur
nalika miwiti nyesep segere hawa

sapa bisa ngetung totale dedonga
kang mili saben dina
kanggo njangkepi ati bungah
amarga gumebyare donya bakal lerep
menawa Dheweke wis paring aba-aba
kanggo mbuka cathetan kang ora nate direkayasa.

Mojokerto, 2016.

GURIT ING PATURON

ing bantal lan saklembar slimut iki
ana ganda tanpa owah
seprana seprene isih tetep nancep
ora mung ana sakpucuking grana
nanging sumebar ing sakdawane raga

ing klasa anam saka pandhan
dakranggeh dedonga kang ora bisa uwal
saka lelakon kang kadhangkala keliru
saperlu direkadaya amrih bisa pulih
kaya sedya kala

kalane jangkrik lan walang bisa nggandhang
sapa bisa ndudut panyawang
menawa ana kang anerjang palang
ketere-tere nggusah pepadhang

ing paturon iki
dakkruwes bantal lan klasa
kanggo nyembadani menawa ana gurit
nyuwun ampun Marang Kang Maha Pirsa

Mojokerto, April 2016

JOPA JAPU

jopa japu kanggo anakku
kang duwe tetenger istri lan jalu
dadia anak-anak kang mituhu
marang bapa uga ibu

jopa japu kanggo anakku
jos ojos ojos wub
mlebeta sifat banyu
kang nduweni watak adil lan legawa
rukun
paring panguripan
keslametan
ketentreman
uga bisa nyucekake barang kang reget
kanthi lila lan legawa.

Mojokerto, 2016

GEMLINDHING ILINE BANYU BENING

stagen kang wis nglinthing
tansah nyikep bangkekan kisut
ing pucuke kebundhel dhuwit recehan
teka saunting rong unting
kangkung utawa bayem tanduran mburi omah
bisa gawe ati bungah

ora neka-neka diupakara
cukup sega sekepel sabendina
kanggo ngundang tenaga
amrih bisa sujud syukur
bisa uga mesem
saben bubar madhep mantep limang wektu

lugu kang tanpa tinandhing
gemlindhing iline banyu bening.

Mojokerto, April 2016

Ira Suyitno lahir di Pacitan, 14 Desember dengan nama asli Bonirah.Belajar menulis puisi secara autodidak. Puisi dan gurit dimuat antara lain di *Karya Darma, Surabaya Post, Bende, Radar*, terangkum juga dalam antologi bersama *Batu Beramal* (Himpunan Pengarang dan Penyair Nusantara),antologi gurit *Pasewakan*, antologi puisi *Festival Bulan Purnama Majapahit*, serta antologi puisi *Menolak Korupsi 5*. Puisi dan geguritannya terkumpul dalam *Dari Kharismamu Dak Temu Asmamu*(2016). Sehari-hari ia berprofesi sebagai seorang pendidik di SDN Modopuro 2, Mojosari Mojokerto. Alamat Jl. S Parman No 18 Modopuro Mojosari Mojokerto.

WISATA BEDUL ING DINA MINGGU

Taman wisata iki manggen ing Dusun Kebang Kandel Desa Sumberasri
Kecamatan Purwoharjo Kabupaten Banyuwangi
Bedul ana ing Samudra Indonesia ing Teluk Pangpang
dalan-dalan katon edi peni uga ngliwati sawah-sawah kang amba banget
ana pari, jagung, kedele, lembayung, ranti, lan sayur-sayuran kang ijo royo-royo
mlebu Bedul kudu nganggo gethek utawa perahu
udakara 200 meter disebrangake gethek ning sadurunge kudu muter ndeleng
alas Bakau kang alus lan ijo banget
iki ana kethek akeh
mlaku lan mlayu banjur menek ing wit-witan alas kidul
asri banget ndeleng kaendahan Bedul
para wisatawan, mligine manca negara ing dina Minggu
gumun banget marang pantai Bedul
gemuyu kabeh kaya dene kethek hanoman ing dina iki
nanging tanpa Rama lan Sita kaya ing negara Ngalengka Diraja

Genteng, 2015

SING DAKGADHANG WIS TEKAN

Keplayu atiku nguber katresnan
ing antarane langit lan mendhung
uga ing lambene alas pinus kang gumelar ing Banyuwangi sisih lor
nganti tekan wetan segara ciut antaraning Blambangan lan Bali
aku ngerti banget najan katresnanku bakale ora pedhot ing dalan
jalaran Gusti kaya wis paring janji
marang atiku kang lagi kasmaran
kepingin mulyo ing alam donya lan ing jaman kelanggengan

Genteng, 2016

CIDRANING KAMULYAN

Iki dudu crita khayalan
ing angen-angen kudune urip dadi penak lan kepenak
masiya ora liwat rekasan nanging ora kecingkrangan
amung crita lumakuning manungsa siji-sijine,
ana kang melu dalan kepenak ana meneh kang rekasa
pungkasaning ketemu nasib dadi kepenak
iki wong tuwa loro wis adoh banget ditinggalake
ing kutha gedhe
lali tangga teparo apa maneh dulur cedhak
ora eling babar blas siji-sijiya
"sing penting aku kudu sukses ing papan kang paling dhuwur"
lali marang anak-anake kang lagi ngancik welasan taun
pergaulan global bakal dadi gombal
ora beda marang iki anak-anakmu
emprit abuntut bedhug
prakara sepele wasana dadi gedhe
wong tuwa ajur drajate, merga lali marang adate

Lidah Gambiran, 2016

KRETEG GANTUNG JALEN

Iki minangka tinggalan kang banget dakgumuni
wiwit Walondo isih kuwasa linuwih ing tlatah Blambangan
kreteg iki wis ngadeg gagah banget
udakara 400 meter dawane njur kaya-kaya ora kerumat
kreteg gantung Jalen isih gagah prakosa
saben sore akeh nom-noman kang nali janji
kanggo ngiket katresnan kang kaya ora bakal nguciwani
janji suci gandrung ing antaraning lanang lan wadon
lali marang sapa kang aweh jasa gedhe banget ing kreteg iki
wiwit taun 1925 tumekan dina iki
kreteg gantung Jalen isih ngestreni janji marang wong kang nyawiji
bakal dadi siji
ing antarane urip lan mati

Setail, 2016

Iriyanto adalah guru Bahasa Jawa di SMPN 2 Cluring, Banyuwangi. Anggota Sanggar Sastra Jawa Banyuwangi (SSJB) ini tinggal di Dusun Lidah RT.01 RW01 Desa Gambiran, Banyuwangi. Pos_el: bibityanto@yahoo.co.id. Guritnya berkali-kali terhimpun dalam buku kumpulan Geguritan di SSJB dan di komunitas lainnya.

NALIKA SRENGENGE PECAH

Srengenge pecah ing plataranne esuk
ndedawa gela lan murina
wengi kang bubar ngrenda impen
apa iki deduga nalika aku wani nothok kori,
jumangkah ungak-ungak nyangking rasa sumpeg
nguwuh-uwuh ing ngendi papaning pangayom
ing ngendi dalaning karahayon
watu-watu kang kasingkur tukang
pranyata dadi watu padon kuwawa ngundha pangeram-eram,
kabeh muhung karya kang pinasthi
wohing pangudi kang tanpa kendhat
nalika suwara mapras petenge wengi
mbaunge asu mbebidung suwara bumbung rodha
pasrahna sakehing sesanggeman ing papan-papan kang cumawis
dene pakaryan isih ngranuhi
sedheng tangan ketantingan ngranggeh cekelan
ing pundhak sumampir slendhang jejibahan
kang durung kaentha ing karep
sikil ketantingan rebut ajuning langkah jumangkah
sawangen kaca pangilon amrih cethane kang lelaku
mbujung kekarepan nggendhak pawadan sesinger
kabeh-kabeh mung kari patilasan kang
ngandut wewadi-wewadi nunggu paugeran kang pinesthi.

Padangan-Bojonegoro

PSJB-2015

KEYAKINAN

Biyung
sore mau angin isih ngelus asih
dakungak
liwat mengane jendhela tuwa
isih padhang
sinempyok kembang plamboyan
endah
lelangen ing punjere ati ngranuhi

Biyung
mangsa kaselak linempit
saya surem
ngregemeng terus peteng
jendhela tuwa takinep rapet
angin kang sumilir
nggiring lagu wengi sepi

Biyung
aku isih terus jumangkah
ngungak plataraning wengi pangumbaran
senajan panjer sore ora njampangi
lan plamboyan wis gugur
sacuwil ati tumumpang keyakinan
sesuk bakal ginelar padhang.

Padangan-Bojonegoro
PSJB-mapag labuh.

KAPIADRENG

Daksawang saka pucuking pupus gedhang
rembulan temangsang mega putih
katon gunung napas sinasap angin ketiga
belik pinggir ratan kesepen ora kopen

kembang dhadhap mapag mangsa pancaroba
ana kang netepi jejering kandha
nalika tumetes pakon ngadhepi lakon
kang wis cinatur sadawaning kalamangsa

Kang gumantung gembolaning alam ginaib
alam kasukman lan jagad kamanungsan
manunggal ing sabda kang wineca
tanpa teleng tanpa wangen sinasap

Sing katon mumpyar sumorot cahyane
konjem ana plabuhane pertiwi
ginantha ing pangimpen saka tlatah pareden
sinawang jero tebane tumangsang pangrahita

Tinarbuka nggawa pawarta kabungahan
tan jinarag sumungkem ing pada
dineleng sayuk manunggal tanpa pamrih
ngudi jiwa angranggeh batin manunggal

Wahya wahyaning cipta tumelung
kinarya rerepen ing madyaning rat
ambuka werdining pangastuti sempulur
mbabar kidung pambagya rumeksa

Nalika candhikayu nguntapake konang sore
daksawang ombak saka telenging rasa
marga ing ati sumlempit kapang
kaya camar nalika ninggal piyike.

Wengi kinudang rembulan sacuwil
kang tinunggu ndedawa kapang kapirangu
mega putih tumiyung ing pucuking impen
ngudhal piwulang luhur kang wiwit kasingkur

Kang rinantam mawa sawernane tayuh
dadi kanthining lelabuhan ing alam padhang
bisoa nggagapi rara rasaning kapribaden
kapiadreng ngudi mekaring sedya yuwana

Padangan-Bojonegoro
PSJB-2015

WENGI DADI SEKSI

Wengi sepi, sepining wengi, sepining sepi
wengi tanpa lintang, sepi tininggal rembulan
wengi tintrim, sinasap angin ngelus kangen
desember kinemulan mendhung, grimis nelesi ati
hawa atis, rasa miris, ana tangis

Sapa sing gumyak gumuyu ing tritising lingsir wengi
ah, kae cahya sumunar nembus mendhung
lintang panjer wengi nggugah kang padha kepati
sing wis suwe ngimpi, ngorong ing pangangen
kang teka nggawa kangen nggawa adreng

Tinulis mawa kalaming langit
kadya menjangan ngorong ngupaya sendhang
sukma-sukma ngelak marang Pangeran
wengi sepi, wengi tintrim dadi seksi
kang cumenger mawa makutha cahya.

Sing padha cengklungen ngranti kang wis jinanji
wengi iki binukak wewading jagat kawuri
bumi bera dudu pepalang thukuling wit karahayon
datan mawang nyawang kasunyatan jati
mrih rahayu marang kang nggadhuh kapitayan.

Wengi sepi wengi tintrim dadi saksi
miyak warana saejarahing panguripan
puja lan puji sumawur kang samya mrepegi
dadi wengkuning ati lan batin
kang padha sumujud manunggal karep.@

Padangan-Bojonegoro
PSJB-2015

J.F.X. Hoery merupakan penggurit kelahiran Pacitan. Sekarang mengelola sanggar sastra Pamarsudi Sastra Jawi Bojonegoro (PSJB). Tulisannya berupa cerkak, geguitan, cerbad, laporan, dan beragam tulisan lainnya dimuat dalam berbagai majalah berbahasa Jawa. Dua kali menerima Penghargaan Rancage: pertama tahun 2004 dengan buku Antologi Gurit "Pagelaran"; kedua tahun tahun 2013 untuk kategori pengabdian. Buku karya sastrannya Antologi Cerkak *Banjire Wis Surut* (2006), *Tandure Wis Sumilir* (2013), Antologi Gurit *Pagelaran* (2003), *Lintang Gumawang* (2015) Cernak Bahasa Indonesia *Sosiawan-Siawan Kecil* (1984), *Permaisuri yang Cerdik* (1983), dan *Babad Wuludomba Pancal Panggung* (2010). Selain itu karyanya terhimpun dalam antologi bersama cerkak, geguritan, dan puisi. Mantan anggota DPRD Bojonegoro 1999—2004 ini hingga kini menetap di Jalan Diponegoro 59-B, Padangan, Bojonegoro. Pos_el: jfxhoeri@yahoo.com.

ADERBI SUNU

Gambang suling gumandhang suwarane
Thulat-thulit kepenak unine
Unine mung
Nyrenyuhake bareng lan kentrung ketipung suling
Sigrak tembangane

Gambang suling gumandhang suwarane

sendang abang tumangsang sajroning sasmita
sun seja satandur atur
sinawur wiji
sadaya panggawe ala lebur kepati

gambang tumraping sendhanging rasa
abang pinangka agunging ludira yuda
tumrap satuhu sucining dedulu

suling cinipta sangka serating pring
srah sumarah tumuju dalu
anggeguru nganti dhasaraning bumi

gumandhang suwara
gegaraning krama inggih tapa brata
tan wekas ing pungkasaning sukma
sun sembah pangripta hurip
pandhemen satemen

iki dudu pameksan watu, ananging
gumandhang sang saya gumarang
anggone sesorah alu amah

Thulat-thulit kepenak unine

thulat-thulit tumapakna
paku jalmamu ing adhem asrebing ludira estri
kang garwa
ngasta guwa garba
saresmi salaki rasa rabi

awang-awang sejatine pandeleng
wong wungu aderbi sunu
satuhu tumuju atur mring Sang Rahayu
panepson mung piranti

Unine mung

agung ageming kalbu
mung rinipta saking lebeting jalu
jalu kang lebur dening ayeming
tetembangan dalu

peteng ireng mung sambang ing netra tanpa muksa
sasmita sarira raga
rinasa ing sadaya rupa

Nyrenyuhake bareng lan kentrung ketipung suling

taksih pring, kang bisa dadi wisma
ayom-ayoming babrayan
asaling aling-aling, anyangga payon
ngadek jejeg pinangka saka guru
nalikaning dadi suling
dadi lereming kalbu

trenyuh saking sang pangripta ruh
ketipung pungkasaning karya
sumarah ing ngarsa sang sukma

Sigrak tembangane

Sigrak sumanak uga anane uba rampe,
aderbi sunu saking suwara suling

gambang pinagka pepadang,
nalikane dalu sampun lengser dumadi enjing
wening sekar sawiji

aderbi sunu saking suwara suling
sendang abang kang umili
pinangka suwaraning suling ing saben dalu
muga dumadi ing sunu satuhu hayu

Amiin... ya Robbal ngalamin

Pringapus, 2010 - 2016

ASIH GUMETIH

+Katur Pak Bandeng

Dhawuhe kakang prapatan
wus kebak kembang,
angin tanpa welas

Apa pancen wus tatas tuntas
tumetesing tirta sang sekar asmara

Angin anggawa luh lan teluh

Mangka kakang ngucap abang
nganti putih lan branang
iki dudu oncat saka perdikan apa peprangan
bumi ndadekake getih langit wus tumitah sah sih

Ananging kakang,
sih kathah wong lanang kang petungan
ngambang anggone nyawang prang
sajatining ing ngendi parang sumerang iki
kudu tumandang

Wong wadon uga, sih nggetih putih
anggone anebar asih
sampur asmara ajur amung katingal awur-awur.

Pringapus, 2011

GARA-GARA GEGARANING ASMARA

Gara-gara ya gegaraning ananing asmara
Carita tan kenyana, tan kena ginawa cidra
Sapa kang anembang, yaiku kang dadi panantang
Tantang-tumantangan abang ing sajroning driya tumekan ludira

Punakawan dudu sato kewan
Dudu kere kang asor ing paguneman
Ananging uga janma kang anduweni jagad doang-daeng
Sih sinimpen impen ing asmara sih kinasih
Uga isih bisa murubake nanah dadi ludira abang panantang

Dewa-dewa kang nggraita,
ngaruwara ing maduning asmara
padha mudhun bumi ngurekí salaki rabi
Ananging punakawan tan kena doyan
Dudu piwekas panglarang sangking sarujuke kahanan
Ananging saka driya sapada, sasama rinipta tresna ing sadaya padalanan

Wawani ing landheping lathi
Panantang ing padhang prang gumarang
Surya abang ngugemi pandulu pati
Sakabedhing rinakit awit alit, sangkan babat yaiku ananing asmara
Sadaya pamijil laku mung satuhu sangka sih kinasih

Pringapus, 2012

TRUS SAGESANG KANG TINEMU MOKSA

+ nur azizah amrani

Astaningsun tan mangertni
kang tembang tirta tuwuh ing netra sira
ron-ronane kaya kembang lanang
ing kuncunging putra rahwana
tan bisa nendra, anduweni netra wungu watu

samaya sesaji suwi ing pepati kang katon sangka samudra
amung rah sumarah tan pedhot sakoyot sukma
apa iki uga karma sapadha resi wisrawa

sangka ludira kang lumeder sadawa dalan watu,
trus tinuwuh wiji-wiji pari tan pepati, tan karenan
tan ana rina, ananging para wanara seda

anoman kang nudhuhake kasetyane
uga dadi sesaji pati ing astaningsun
ludira pethak kasireb sathathit cahya
saking rah sumarang ing dudingingsun

pirang peperang kang kedah dadi pangaksmi
tumrap karti pati iki, nalika
sawijining samudra kang karipta kreteg
saking sakehing wanara
netraningsun kang dados sumelang krana

sadaya tirta samudra tumuju ngalengka
sumembur sangka astaningsun.

Ing sumelehe daya trus pepeling amung pati
Sacleret warta kaocab
DUDU PATI ANANGING PAMOKSAN!

Pringapus, 2010

Joko Susilo lahir di Pegunungan Pringapus Dongko Trenggalek, *Sawal 1917 Jimawal.* tepat tanggal 6 Juli 1985 Masehi *(Pandhawa Hasta Walining Pengeran).* Alumnus Magister Kajian Sastra dan Budaya Universitas Airlangga Surabaya. Kini pengajar di Universitas Muhammadiyah Sidoarjo. Berkesenian di Teater Gapus Surabaya dan Pakarsajen (Paguyuban Karawitan Sastra Jendra) Surabaya. Anggota FS3LP (Forum Studi Sastra dan Seni Luar Pagar) dan anggota forum diskusi sastra Jawa Tiwikrama. Karyanya tergabung dalam antologi puisi: *Kentrung Karang Menjangan* (Gapus, 2006), MALSASA 2007, antologi puisi bersama *Para Pewaris Cinta* (Sastra Indonesia, 2008), antologi cerpen *Berita Air Mata (*Sastra Indonesia: 2008*), Pesta Penyair (*DKJT, 2009*), Ekstare Perenungan (*Sastra Indonesia, 2010), dan antologi esai *Konspirasi Kecemasan Sastra* (KSB, 2014). Geguritannya dipublikasikan di *Jaya Baya* dan *Panjebar Semangat, Kidung* dan *Media Luar Pagar*. Puisinya pernah termuat *Surabaya Post, Seputar Indonesia* dan *Media Imajio*. Pos_el: aljokosusilo@gmail.com.

ELING

udan grimis ndudut rasa kang atis
lungguh ijen ngolah batin kang garing
wis suwe anggonku ora ngupakara jiwa
ngetutke rasane nafsu kang ngambra-ambra
tangisku pacah mbedhah ing sepi iku
tumetese luh nganti ngebaki pipi
amung saglugut panarima saka wengi kang rumambat
dakselehke sanggan urip kang mbebujung
manjing keblat papat ngetus sakehe reruwet
sumendhe mring panguwasane Gusti
supaya katon padhang anelahi
nganti tumekane pikir kang wening
marang rasa kang nggawa piweling

Padepokan Taruna Jawi , 10 Desember 2015

PERANG NAFSU

wanci wengi kang katon sepi
nata rasa ngeningake cipta
miyak swasana ngolah ing pambudi
sujud mring Pangerane yekti
ninggalke nendra lawan nafsu reki
reresik ati lumantar susuci dhiri

ora ndadak kinthil ombake jaman
kang bisa gawe owahe kahanan
apa maneh lali marang pambudi
saben dina muja gebyare ndonya
nglirwake anggone ngupakara jiwa
nganti nggawa watake brahala

nyingkirna tumindhak kang ala
eling marang Hyang Sukma Kawekas
nyuwun tumetese kanugrahan
bisa maca marang serat kang sinandhi
minangka pandam pandoming ngaurip
mugunani marang wong sabumi

ora wedi maju prang apupuh
lumawan nafsu kang ngengithing dhiri
pindha aglar sapapan
mbudidaya nyingkirna watek kang dhusta
yen ngantia mati ing palagan
winastan manungsa kang utama

Padepokan Taruna Jawi, 04 Januari 2016

NGANGGIT SEWU GURIT

newu segara miyak gunung
tan kendhat ngupadi lakune rasa
diukir lumantar basa lan sastra
kepingin nganggit sewu gurit sabendina
nadyan njegur kedhung ngranggeh langit
ora kandheg anggone jumangkah
metani sakehing kahanan kang kumelip
mbabar sejatine jati dhiri
sinulam marang ukara-ukara kang mirasa
pangangkah bisa nelesi ati kang jengkar
mbukak lawange kasuwargan jati
medhar sasmita Gusti kang sinandhi
ora teges amung nggawa rasa nges
nanging bisa agawe nglangut kang kapilut
sedyane amung adedamar marang kang peteng
tuhu madhangi laku ing samargi-margi
yen wis mangkono tuwuh rasa kang tulus
anggone mbadhar lakune ngaurip

Padepokan Taruna Jawi, 27 Maret 2016

PAMBUDIDAYA

nyawang lelakone manungsa angolah budi
arep nggayuh marang kautaman
mantebke marang cipta lan rasane
santosa mandireng marang tekade

budi minangka olahe rasa
kebak tetimbangan lan pangati-ati
ginelung gelenge cipta
dadi sangu nggennya mbudidaya

tansah waspada lan aja nganti kliru
akeh para setan kang dadi pepalang
yen lena bisa ngenggokke dalan
murih wurung apa kang dadi gegayuhan

jejere manungsa kang utama
tansah sabar eling lan narima
tinuntun mring dhawuhe Hyang Sukma
suba sitane tansah dijaga

ngedohke tumindhak kang ora pantes
gelem nyimpang marang dalan kanisthan
supaya urip bisa raharja lan wibawa
nuruti kahanan kang merdika

raket lan sumanak mring sapadha
tan mbedake marang sasama
dadia tetunggule manungsa utama
ngambar arum ngebaki bawana

sakabehe pakaryan tansah amberkahi
rahayu ngupadi sandhang lan pangan
adil makmurmurakabi
jinangkung marang Kang Maha Kawasa

Padepokan Taruna Jawi, 10 Januari 2016

Kanjeng Sastra Taruna aktif dalam kegiatan seni dan budaya Jawa. Pernah mengisi sarasehan dan diskusi di sanggar, perguruan tinggi, komunitas, radio, televisi dan lainnya. Pria lulusan Teknologi Pangan dan Gizi ini gemar menulis buku ihwal budaya Jawa. Adapun karyanya yang sudah tersiar hingga luar negeri, diantaranya*Ki Ageng Selo dan Ajarannya, Semar, Makna Simbol Slametan Kematian pada Masyarakat Jawa.*AlamatKanjeng Sastra Taruna/Ary N, Jl. Tangkuban Perahu 10 A Ponorogo.

KRENTEGE KABUDAYAN

ngangsu kawruh mring pujangga yekti
ngindhit basa nyunggi rerakitane sastra
rinasa linambaran ati kang wening
angadhang tembang kang kumandhang
ambangun jiwa jumbuhing budaya
wus kawentar mungguhing tanah Jawa
kebak tetanduran kabudayan kang edi peni
uga endah lan milangoni
basa, sastra, tatakrama,tatacara
tuhu melu ngrenggani mekare jagad
kasinungan dening sihing Gusti
tan mokal Jawa iku jiwa kang kajawi
kalamun samudra kadya kebak mutiara-mutiara ukara
dene angkasa kaya lintang-lintang kasusastran
mungguh bumi tansah nyimpen kabudayan kang sinandhi
mendah renaning tyas
yen kabeh gelem sumuyut mring piwulange leluhur
bisa gawe mongkoking wardaya
datan colong playu tinggal glanggang
ngrayuk budaya liyan kang ora jumbuh marang pangrasane
yeku rasa kang wus manjing manunggal jiwaning Jawi
yen kelangan sapa kang bakal anggetuni
lamun nganti mati apa ora padha nangisi
mumpung mbulane isih gelem ndadadari

age tumandhang ngreksa basa lan sastra
apamaneh endahe budaya
aja nganti sumurup anane wastra lungset ing sampiran
tiba saparan-paran kleleran tanpa karuwan
ing pangangkah jumangkah kebak arah-arah
njunjung drajade kabudayan
awit luhuring budaya mimbuhi kuncaraning bangsa.

Madiun 14 April 2016

KIDUNG GEGURITAN

angidung gurit kang kaanggit
hambuka suka ing rahayu
katon tumata, titi lan titis
manut rasa kang kaesthi
kinemulan luhuring budi
linambaran beciking pakarti

sapa kang maos lan miyarsa
kadya tetembangan sekar kang amrik
tata ukarane wus karacik
manut endahe basa lan sastra
ngumandhang mbabar carita
kebak sasmita kang ditata

endahe pancen kladuk angujiwat
datan mokal bisa agawe wuyung
nganti kagawa sajroning impen
awit katyasane gurit kang sinanggit
kakempit ing selane dhadha
nambani kang nandhang cuwa

gurit wus ambangkit jiwa
mbangun budi lumantar sastra
kagawa marang pakarti kang utama
neteske rasa kang kebak pangrasa
ngudal piwulang nut tumatane basa
mekarke jembare budaya

Semarang, 21 April 2016

GEBYARE KASUSASTRAN

tansah katon ngujiwat lamun mulat endahe susastra
basa rinengga mbabar crita kang kebak sasmita
nganti gawe lam-lamen sapa kang seneng maca
yen cinandra kadya mutiara kang mawa cahya
seratan kang tinata mengku rasa tajem merak ati
kalamangsa gawe trenyuh sajroning wardaya
reroncen basane tata titis endah milangoni
mertandhani kawruhe mumpuni tumrap rehing budaya
gawe gumregahe para pujangga lan parasusastra
anggennya arep mbabar ilmu sanyata
lumantar gumebyaring kasusastran kang saya ngrembaka
dipuja tansaha aweh pisungsung piwulang luhur
ngrenggani ombyaking kabudayan kang wis kawentar
pindha lintang-lintang wengi kang cumlorot ing angkasa

Bojonegoro 29 April 2016

NJAGA ENDAHE KAGUNAN

reroncene tembung pindha sekar humekar
minangka pisungsung ngrembakane kasusastran
nedya ngonceki mekar sarine basa lan sastra
wis katon manunggal tekad lan karepe
para pujangga lan para sutresnane budaya
kabeh kepingin ngluhurke endahe kagunan
cinandra kadya bethari kang pinunjul ing warni
nganglang bawana medhar sasmita sinandhi
nyebar ganda rum minyak kasturi
bendhe tinabuh umyung swarane
ngabarake jembare kagunan ing tanah Jawa
kairit rinenggane sang widawati anembangke kidung
para dewa samya senggak amuji sesanti
mugi karya basuki kabudayan yekti
panjerite gurit kang rinakit lan tatane paramasastra
pindha swarane suling kang anindhihi
katon edi endah lan milangoni
ora mokal luhure kabudayan wis kawentar
ngrenggani jagade kasusastran yekti
basa kang tinata minangka crita kang rinengga
bisa gawe cingak kang samya amirsa
wis katon moncer gawe kuncarane bangsa
mula kanca aja mandheg ing madyaning marga
apamaneh nganti malik tingal nyingkurke budaya

tuhu iku aran manungsa tan gedhe ing panarima
mbesoke bisa gawe kucem asmane negara
poma-dipama supaya tansah elinga
anggone nggondheli lan njaga dimen lestari
mengkone ora bakal kelangan
marang kaendahane kagunan sejati

Ponorogo, 24 April 2016

.....

K.R.H.T. Setyoprayoga adalah salah satu abdidalem Karaton Surakartahadiningrat yang berada ditlatah Madiun. Pekerjaannya suka menulis dan belajar falsafah Jawa. Selain itu, sering mendapatkan tugas sebagai panataadicara dalam hajat pengantin. K.R.H.T. Setyoprayoga, kanthi alamat ; Ismuriyanto, Jalan Sabda Palon, gang 1 no. 15 Winongo, Mangunharjo, Madiun.

KAGEM IBU LAN BAPA

Ibu
Sajroning gegurit iki
Dak rapalake hatur panuwunku
Mring sadhingah welas tur asihmu
Pangestu sumadya ing pasrawungan lelakon
Aji mantra dumadi sekaring pamuji mring gusti
Abot sanggamu
Kanthi tinetes waspa lan ludira
Nanging ora banjur kok rasa

Esemmu kaya rupa candra purnama
Wening tur wicaksana
Tatag anggonmu mlaku
Nglinjek eri lan geni

Bapa
Tan ana kesatriya kukuh
Lumampahi kukuhing pengayommu mring aku
Kaya dene Gathutkaca
Gagah tumindakmu nandyan lampahmu ketara sayah
Tan lirwa anggonmu ngrumat
Anderpati mecaki ancala bebaya
Paring pangeban marang ingsun
Nalika teka udan gedhe
Nelesi awak sekujur

Ibu-Bapa
Tresna sihmu lumeber ing sak wiyare sendhang candramuka
Lara sungkawa kasangga kanthi lega
Netra talinga kok jarne cacat
Mring samubarang kang ngaru-ara
Rekadayamu nglampahi sumunaring bagaskara
Dadi pepadhang sedawane dalan
Mengkana piwales apa kang pantes dak haturake
Kejaba puja lan dunga
Muga kang Maha Kuwawa
Paring asih marang Ibu lan Bapa

Kediri, 2016

LELAGON PUNGKASANING SORE

Yen ta ana lintang sumunar
Ing wanci pungkasaning sore
kuwi dudu kejora apa dene kemukus
Kejaba netraku lan netramu
Kang padha tinemu ing pepandhengan

Wigatekna lelagon asmaradhana
Kang lamat-lamat keprungu
Saka warta kegawa bayu
Mecaki ampak-ampak rangu
Dadi dhamar ing dhedheting pedhut prakara

Na pangkonmu aku nglumpruk dene kapuk
Ilang raga, ilang sukma
Aku ambruk
Dak rapal carita
Dak gelar wadi kang ana

Njur tinemu gegayuhan sajroning gunemmu
Panguripan kudu dilakoni kanthi anderpati
Dalan cinawis kanggo wong kang gelem nggoleki

Pungkasaning sore kae
Langit kebak kelir ireng
Ora ana lintang, ora ana mbulan
Kang dadi pepadhang
Kejaba eluhku lan gunemmu

Panggul, 01 Mei 2013

ANA KANG NORA BISA DAKTLISIH

Menawa wengi teka ngrerujit njeroning sukma
Siliring angin krasa kekes ngalimput sinawangane netra
Padhang njingglang ngetarakake saben lintang
kang kesaput pedhut

Nandyan ngunu ingsun nuli wedi
Yen ijen sedawane wengi
Keprungu swara-swara alus tumeka
Nundhung laku kliru lan tumindak saru
Mangoyak-oyak jangkah hamblarah
Uga wektu kaguwang tanpa endah

Apa ya ngene panguripan jalma?
Saben lelakon ana bangah sakiwa tengen dalan
Kadhangkala linuwih nggandha tinimbang aruming mawar

Nora kwawa ngalahi padhanging wengi
Sepine angler, jiwa gumeter
Saendah wong tuna anemu ambyaring cahya
Ngreronce ananing makna
Dadi pangerten kang bisa manuntun

Mengkana wengi sansaya lingsir
Melu lingsir netra talinga
Ananging adoh sajroning sukma
Ana kang durung rampung dak waca

Lembah Kinanti, 21 Agustus 2013

GURIT LAYANG BATHARA KALA

Gurit iki arupa layang tekane saka Bathara Kala

Amenangi zaman kang tanpa cahya
Mata blawur keterak petenge mega
Ilang wewates antaraning kang becik lan kang ala
Nora kelingan marang lelakon kang pungkasane
bakal nemu mulya apa cilaka

Amenangi zaman peteng dhedhet
Nora ana pesti kang bisa dadi pathet
Wong mulya bisa tumindak asor
Wong asor bisa tumindak mulya
Okeh gagak nganggo laring merak
Kang rupa elek ditutupi nganggo wedak

Manungsa urip kaya segara kasatan banyu
Mlaku sak mlaku nora ngerti apa sing dituju
Bebudi musna kalimput kembanging donya
Jatining diri mabur ing awang-awang
Rumangsa ngadege jejeg cidra ing pitutur lan piwulang

Mengkana ing zaman kang mendunge
luwih dawa tinimbang cakra
Aja seleh marang barang kang salah
Aja manut marang perkara kang nora patut
Aja mlaku ana ing dalan kang kliru

Aja kemaruk marang okehe bandha
Apadene misuwur mung ngandalake rupa

Kediri, 18 Maret 2016

Leny Marlina lahir di Trenggalek, 23 Mei 1994. Saat ini terdaftar sebagai mahasiswa program studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Indonesia di Universitas Nusantara PGRI Kediri. FB: Leny Marlina. Pos_el:lenymarlina04@gmail.com

DALAN WATU

Mecaki dalan cilik
yagene seneng ibut
golek tipak ing landhepe watu-watu

.

Ngambah laladan rumpil
pijer ora krasa jenak
praupan tansaya buthek

.

Ing kene panggah lumaku
mbokmenawa bisa kanggo papan ngungkal pakerti
nggirah sesukering ati

Balen-Bojonegoro
PSJB, 10 Juni 2015

KANGGO CAH AYU

Ndhuk cah ayu
aja bosen nyiram kembang
ing plataran atimu
kanthi esem ngujiwatmu
kuwawa nyingkirake bledhug klawu
nambahi asri ing pandulu
tansah mesema ya cah ayu...

.

Mengko dakcritani kabeh lelakone ibu
nalika ngliwati lurung
kesandhung-sandhung
nalika kesasar kecemplung
kedhung
mung gegondhelan korine jiwa
sing isih setya
tansah mbisiki endi dalan sing peteng lan padhang

.

Pindha dimar sadawane laku
tansaya kebat
nanging ora kliwat
nalika mapak gemilare srengenge

.

Tansah mesema cah ayu
senajan ana godhong-godhong alum
pang-pang garing

aja mandheg mangu
sinambi nembanga sing kepenak
ora usah wedi pangaloke gagak

.

Ahh..yagene lakumu mlipir- mlipir cah ayu
apa sliramu kuwatir
akehe pepenginanmu bakal kentir
ing ulengane pikir?

.

Ngelia kanthi anteng
rasakna adheme banyu
lan landhepe watu-watu
ing kono sliramu bisa sinau
Ana cahya sumunar
ing samar dalu
dudu sumunare lintang apadene rembulan
nanging sapletik cahya saka jiwamu
kang tumantul madhangi pasuryanmu

.

Cah ayu...
ing sangisore udan langit atiku
dakenam gurit iki kanggo sliramu.

Bale3n-Bojonegoro
PSJB- 2015

GEBYOK KACA

Sesrawungan ing jagad maya
pindha mapan ing
sajroning omah kang wis ora duweni senthong...
wis ora ana tedheng aling-aling
kanggo ndhelikake
apa wae
kabeh bisa trawaca
lan cetha wela-wela

.

Ora ana papan nyimpen wadi
lan sisik melik
jalaran saka gebyok kaca bening iki
lathi wis dadi mripat
mripat wis dadi kuping
ala lan becik
ngawe-awe tanpa sungkan

.

Muga kita bisa methik
kembang kang ganda arum
saka sakehing kembange jaman
aja nganti nglirwaake
paugeran bebrayan.

Balen – Bojonegoro
PSJB, 15peb 2014

RERESIK

Kakang kawah adhi ari-ari
rewangana aku methik
kembange rasa
saka pang-pang panguripan
aku kang kebak rereged
cacating driya
cacating suksma
semendhe ing pojok batin

.

Tansah daksapu esuk sore
tansah dakelap awan bengi
nanging kepiye anggonku ngresiki

Sapu nyangking awu
elap nggembol reged

.

Bismillah
Allah kuwat-kuwata
kinanthi donga suci
niyat ingsun
methik kembang ganda wangi
ing madyane alas lathi.

.

Balen- Bojonegoro
PSJB, 18 Maret 2015 jam 10:29

Lestari Sahsa Malika yang sering menggunakan nama samaran Dhenok Ayu ini lahir di Bojonegoro, 18 Pebruari 1973. Alumnus SMEA Negeri Bojonegoro tahun 1998 ini kepincut dunia sastratahun 2010 dan bergairah menulis, setelah bergabung menjadi anggota sanggar sastra Pamarsudi Sastra Jawi Bojonegoro (PSJB).Guritnyayang berjudul"Kembang Garing" dimuat *Jaya Baya* No. 41 Juni 2012 merupakan karya pertama yang dimuat media. Geguritannya sering diunggah di *Facebook*, juga dimuat di *Panjebar Semangat* dan *Jayabaya*.Ibu rumah tangga yang menggeluti wirausaha ini, aktif dalam pertemuan-pertemuan sarasehan sastra dan budaya di Bojonegoro.

JENGKING

Sun krungu swarane angin
kang ndenginging ngucap jenengmu
takdeleng kanthi melenge mata
rupane kaya sewu tawon kang playon
antarane mega-mega

o, kang maha katon, apa ta iki wujude pasemon
kang suwene taun maewon, kang ndadekake
para putra wayah adam nggumun
lan ngarani langit ketaton

ing sakpetak papan sangar iki, sun nggambar
jembare manah
kanthi jengking nutug tumakninah
ngukir asmamu kang katon angker
sampek sesuk-sesuk sun mlungker
ing sakjerone lemah
tanpa angin kang tetep istiqomah ndenginging
ngucap jenengmu
ing duwure bumi maweu

yahu
yahu
yahu

Sidoardjo, 2015

SAID-KALIJAGA, LANGIT-DONYA

sapa kang ndeleng ing walike peteng
kuwi, sapa kang mencep lan krasa landep
ing ati kuwi, sapa kang ngibas-ngibasake kipas
hawane kaya lesus kang nrabas
anggonku napak tilasi: ati
mati, lan nguripi...

napas nepsu sun dadi kedung
kang mayekti ing sebarang werna
wernaning bumi, plung...
kaya swarane kodok kang nyemplung
ing leng-leng, luweng
kang wus dakdeleng, tur peteng
gung....

pedut kaya ndudut rasa, ing dhadha, marang swara
kang ngaruara ing pandosa
pandosaning donya
donyasun kang wus dakringkes ing pasemon-pasemon
: gurit
kang nyelurit marang kulit
rasa

duh,
wus dakkandut kanthi iklas, swarnaning napas
kaya sukma kawekas, uga tilas
kang rinacik ing klaras-klaras kanyatan
jati, kang dadi dumadi

sun isih suwung!
nyengkuyung samubarang kang temlawung
kaya udan kang rinakit langit
dadi kaendahan, uga sengit
mung donga kang bisa dadi lapis-legite ati
kang angucap marang wijil sejati
kang mijil ing lati

hong wilaheng, sun isih aeng!
reronce ati iki saya suwe, saya ngawe-ngawe
marang marga kang durung kajaga
marang ati kang durung ngeli
ing kali-kali...

sun durung kalijaga
sun isih said kang lumaku ing dalan-dalan
pait, kebak dedemit
nuju dununge petit
: punjere langit

Sidoardjo, 2007

JAGA JAGAT

"Jagat iki ana, ana kang jaga!"

aku isih eling marang kandhamu,
tatkalane lemah dadi kawah
ing antarane porong-tanggulangin
banjur krasa ana kang gosong ing batin
batin panguripku, ngegirisi marang daya lantipku
kaya gosonge areng klapa kang wus ilang wawa
kaya jasad kang limpad kelangan hawa...

awakmu banjur nyuwun, nyadong
marang langit kaya nyadonge godong
kang wus kawus saka udan lan kepanasan
"duh, kakang kawah, duh adhi ari-ari, getih, puser
punjer awakku...."

kabeh krasa bali marang jati, kang kababar ing diri
kaya dununge: pati urip bandan segara lungguh

duh, sampyuh ati lan pikiranku
ing telenge rasa,
aku banjur ndhodhog anane uni, kang bisa dadi basa
kang netepi janji marang margi kang wus dadi
crita kang kaserat ing lontar-lontar kuno

"ana suluh kang kasebut nuh, kang wus nabuh warta
ing kitab-kitab tuwa
: bandang iku ora mung amerga udan
nanging uga saka kanyatan
kang dadi lelabuhan, jerone pager lan punjer"

"ana uga crita kang wus dadi dawa
saka lambe-lambe tuwa
kang sinebut baru klinting, rawa pening
nggon dununge ngening
kang dadi pepiling
marang desa-desa ing kiwo-tengene Siring"

Wus dadi nujum, kandhamu, ana wektu kang bakal bali
marang latu, senajanta watu tetep kasebut watu
Wus dadi jangka, kandamu, ana cuwilan wektu kang bakal bali
marang saiki,
senajanta nganggo cara kang wus kaanggep ora ana
nganggo basa kang wus kaanggep mati
ing bumi

aku isih eling kandhamu, jagat ana kang jaga
jalma mati, jalma mara
sir
sirna!

Sidoardjo, 2007

AJISAKA SINDROM

1.

Ing tlatah cengkar pikiranku, takundang dewata cengkar
murub saka latu wektu
supaya nalarku kang aking ing panemu,
fakir ing prakarsa, lan rumangsa kalah saka tilas raksesa
ajisaka
bisa gregah
tangi saka impen-
impen biyen kang ngerangkeng sekti-aji lan aenge
putra-putri pertiwi

2
Sapa simbok kang nitisake ayang-ayang
Ing sukmaku lanang
Apa ta dewi sri, apa ta umayi,
utawa dewi pertimah kang suci

Barang daksebut mbokku dewi sri kanthi ening,
ing ati, pari-pari dadi aking,
jagat obah kaya gabah diinteri,
muter ing antara garise Gusti kang wis dilungkeri
paugeran adi

Barang daksebut umayi
grahana dadi basa ing antarane jalma
kanthi pada nyembah suwung wingite bethara kala
Ngeruwat ruwete urip kang sakmadya
ing gingsire sambikala

Apata perlu daksebut dewi pertimah
kang wis mbabar anane
garba sejati
asal sangkane kasan-kusen kang kinasih nabi
kang nangkring ing tembang-tembang pesisiran
kanthi langgam siiran

Embuh sapa simbok kang nitipake tatu wektu
ing dhadhaku
Dhadhane anak lanang pesisir wetan
kang sinebut jawa, nanging wis ilang jawane
Ora ana arab kang kaparaf ing lambe
Senengane agawe ontran-ontran
Mrawani pikiran kang cengkal lan nantang akal

Sapa simbok kang nitisake ayang-ayang
Ing sukmaku lanang?
Miyabi saka Jepang?
Modar tenan!

3

Daksawang kirab kebo bule karo mangan sate
Ing angkringan
Nanging tlethong kang ceblok
Ing dalan, kaya wungkule emas kang elok
Gandes pantes dadi paesan
Ayo dulur, padha rebutan!

Lamongan—Sidoarjo, 2015

Mashuri lahir di Lamongan, 27 April 1976. Selama ini fokus ke hal-ihwal tradisi dan religiusitas. Menulis dalam Bahasa Jawa dan Bahasa Indonesia. Beberapa karyanya sudah diterjemahkan ke bahasa asing.Kurang lebih 12 tahun berhikmat sebagai jurnalis. Kini, bekerja di Balai Bahasa Jawa Timur. FB: Mashuri Alhamdulillah.

LALI MANGSA

kadhang kala udan kelangan mangsa
lali desa lan lali tegal kang amba
lali wana lan lali kutha
kanthi pikiran kang wus pikun
mlaku nothoki omah-omah
njalari anggrek awerna ireng thukul ana geger

sawijining lbu lan asune lungguh ing watu
kaya ngrantu utawa saderma mungkasi wektu
eseme kang tawa tanpa cubriya
saiyeg saeka praya karo tetembangan
nalika kebone terus nggayemi mangan
sawijining arit sing sregep nyulap gumuk
dadi ijo empuk kayadene babut
saambane ara-ara

pancen udan wus kelangan mangsa
lali kumricike banyu belik
lali gumuk, lali Bapa Biyung, lali lemah

kanthi pikiran kang wus pikun
mlaku nothoki omah-omah
apa sliramu ana ing kana?

2016

PETROMAKS

saka kothak rombongku
dakrungrum sliramu .
ngluwihi srengenge
amarga sadurunge subuh
bedheng-bedheng iki kudu wis ngadeg kukuh

dakkompa satulusing rasa
amrih tetes-tetesing spiritus (ana njero kaos lampu)
kanthi sesidheman angripta mawa
sumunar
madhangi mbok bakul sinambiwara
kang kulak warta adol pangrungon
isa milih lan mbedakna
apel seger utawa jeruk sungsang.

dakgantung tanpa ati kang mamang bingung
ana pojok bedhengan kang anclum
pojokan tanpa ana kang munasika
amarga cahyamu ringkih
gampang nyingkrih nalika pikir lagi jirih
kang ampang
dilurug angen angen kang ngelih

2016

RENGKEK

dakpiyak bun isuk
lan angin wengi kang keblasuk-blasuk
oh, wulu githok dadi mengkorog
uga kulit kang mawut kriput

motor tuwa
watuk-watuk nanging tetep setya lumaku
senajan kanthi mundhuk-mundhuk
tarikane pancen wis ora kenceng
kaya kulite prawan kencur
apa maneh abote gawan kiwa tengen
dadi sanggan gandheng rentenge dulur

lumayu ngoyak bun katiyup
isuk isih adoh ana tengah laut
nggelar uba rampe pala pendhem
supaya pawon kumeluk ayem

oh, syukur dene wulan ndadari
langit kebak lintang
senajan ta balung ngeres linu lan atis mekangkang
sagelas kopi lan udut kretek
siyaga mapag srengenge mlethek

2016

PRAU JUNG

: Wilwatikta

kayadene prau Nuh kang kukuh kayu-kayune
njlanthir saka wit-witan raseksa nuswantara
lan ulet prigele tangan-tangan sang empu Nala
jung wiwit miyak samudra

anane bandar2 kang sumebar
wadyabala layar prau jung paring kabar
kayadene prakosane jembatan nyigar miyak lautan

nalika prau Gracedieu lagi ajar langen
ketampul-tampul kepengin mumbul
jung Jawa wus tumapak ngrangkul saindhenging nuswantara
ngangkangi Indochina, napak sauruting tiongkok, india
lan ninggal tracak ana ing madagaskar lan tanjung asa

jung agawe anunciada sing gandhes kewes
kayadene dolanane bocah
nalika uluk salam ana korine samudra

kayadene praune Nuh kang kukuh kayu-kayune
njlanthir saka wit-witan raseksa lan sawiji wewadi
jung mungkasi jaman
kanthi sesidheman lan tanpa kangelan

piramid wiwit pamit
uga saka maluku, sing agawe mangsa bedhidhing
ing brang lor mayapada
mungkasi pucet pait

2016

Mochammad Asrori lahir di Surabaya. Alumni Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Indonesia Unesa ini sering menulis esai, cerpen, serta puisi. Karya-karyanya yang sudah dibukukan yaitu *Tiga Postur Kota* (Sarbi, 2015) dan *Jam Beker di Kepala Laki-Laki* (MNC, 2015). Guru Bahasa Indonesia SMKN 2 Mojokerto ini juga aktif di Dewan Kesenian Kabupaten Mojokerto, Lesbumi Kabupaten Mojokerto, dan Serikat Buku. Sekarang tinggal di Graha Japan Asri Blok I-03, Sooko Mojokerto. Pos_el: roristory@gmail.com.

GEBYAR KASUSASTRAN

Abdul Mukhid
Agus Buchori
Agus Pramono
Agus Sulton
Ah. Syahrul Rahmat
Alvian Bayu K
Arfa D. Nugraha
Ary Nurdiana
Asa Wahyu
Benny Hasyim
Beni Setia
Danang Wijoyanto
Dian Widiyawati
Emi Sudarwati
Faizal Hadi Nugroho
Fitri Nur Handayani
Gampang Prawoto
Gayuh R. Saputro
Hadi Supranoto
Hanung Dampak Irowarsa
Hardho Sayoko SPB
Herry Lamongan
Imam Khotib Utomo
Ira Suyitno
Iriyanto
J.F.X. Hoery
Joko Susilo
Kanjeng Sastra Taruna
K.R.H.T. Setyoprayoga
Leny Marlina
Lestari Sahsa Malika
Mashuri
Mochammad Asrori



Balai Bahasa
Jawa Timur

ISBN 602833441-9

GEBYAR KASUSASTRAN